ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№138 (24.420) • 2022 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 19, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

## Дызэрыгушхуэ щIалэгъуалэ

**Ди къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэ цIэрыIуэхэм хабжэ УФ-м Хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту лажьэ МГИМО-р - Къэрал зэхуаку зэхущытыкIэхэмкIэ институту (университету) Москва дэтыр. Къызэрызэlyaхрэ илъэс 80-м нэса еджапIэр институтищрэ факультетипщIу зэхэтщ. Абыхэм щоджэ студент мини 10-м щIигъу. Ди гуапэ зэрыхъущи, МГИМО-м щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызэрагъэгъуэт Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ цIыху 30-м щIигъум, аспирантхэри яхэту. Абыхэм иджыблагъэ яхуэзащ ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

● ЗэIущIэхэр



ХАМЭ къэралхэм ядэлажьэ IэнатIэхэм папщIэ IэщIагъэлIхэр щагъэхьэзыр еджапIэ нэхъыщхьэм и ректор Торкунов Анатолий нэхъапэIуэкIэ IущIащ ди щIыналъэм и унафэщIыр. Ахэр тепсэлъыхьащ МГИМО-мрэ КъБКъУ-мрэ дяпэкIэ зэрыдэлэжьэну щIыкIэхэм. А унэтIыныгъэмкIэ зэгурыIуэныгъэхэри зэращIылIащ. ИужькIэ КIуэкIуэ Казбек яхуэзащ еджапIэ нэхъыщхьэм щеджэ ди лъахэгъу щIалэгъуалэ гупым. Гуапагъэрэ гукъыдэжрэ щыкуэда а зэхуэсым Iэтащхьэмрэ зи щIалэгъуэхэмрэ щытепсэлъыхьащ ди республикэм, къэралым и щыхьэрым, студент гъащIэм епха Iуэхугъуэ куэдым.

МГИМО-м илъэси 10 хъуауэ щолажьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм я студент зэгухьэныгъэ. Абы хэт щIалэгъуалэ нэхъыжьхэр еджэн щIэзыдзагъащIэхэм ядоIэпыкъу студент гъащIэм нэхъ тыншу хэзэгъэнымкIэ. Апхуэдэуи зэгухьэныгъэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI адыгэ, балъкъэр хабзэхэр, щэнхабзэр, анэдэлъхубзэхэр хъумэным, ди республикэм щекIуэкI Iуэхугъуэшхуэхэм зэрыхъукIэ хэтыным ехьэлIауэ. Ди лъахэгъу щIалэгъуалэр жыджеру хэтщ МГИМО-м къыщызэрагъэпэщ Лъэпкъхэм я махуэшхуэхэм, Лъэпкъ шхыныгъуэхэм я зэпеуэхэм. Интернетым и IэмалыфIхэр къагъэсэбэпурэ, студент зэгухьэныгъэм щIэх-щIэхыурэ къызэрегъэпэщ ди щIыналъэм и IэщIагъэлIхэр, еджагъэшхуэхэр зыхэт зэIущIэхэр, лъэпкъ тхыдэм, литературэм, спортым епха онлайн зэхуэсхэр. Къыхэдгъэщынщи, зэгухьэныгъэм иужьрейуэ иригъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм хохьэ КъБР-м къэралыгъуэ зэригъэтрэ илъэси 100 щрикъум хуэгъэпса «Сыт? Дэнэ? Дапщэщ?» джэгу-зэпеуэр, нэгъуэщIхэри. А псоми щыгъуазэ хуащIащ КъБР-м и Iэтащхьэр. Абы гуапэ щыхъуащ ди лъахэгъу щIалэгъуалэм щытхъу хужаIэу, еджэным ехъулIэныгъэфIхэр щызыIэрагъэхьэу, жылагъуэ Iуэхухэми хуэжыджэру щIэныгъэ куурэ IэщIагъэфIрэ Москва зэрыщызрагъэгъуэтыр. КъищынэмыщIауэ, Iэтащхьэм студентхэм фIыщIэ яхуищIащ щалъ-хуа щIыналъэр ящымыгъупщэу, абы щекIуэкI Iуэхугъуэхэм, игъуэт зыужьыныгъэм ахэр кIэлъыплъ зэпыту зэрыщытым папщIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIахэм я студент зэгухьэныгъэм и лэжьыгъэм жыджэру хэт ди лъахэгъу пщащэ Уэлджыр Даянэ зэрыжиIэмкIэ, ди республикэм щыщу МГИМО-м щIэныгъэ щызэзыгъэгъуэт щIалэгъуалэм хуабжьу я гуапэ хъуащ щалъхуа щIыналъэм и Iэтащхьэр зэрахуеблэгъар. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, апхуэдэ зэхуэзэхэм гушхуэныгъэ къыхалъхьэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ студент щIалэгъуалэм.

**КЪАРДЭН Маритэ.**

## Зэдэлэжьэкlэр яубзыху

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек IущIащ «Россети Северный Кавказ» IуэхущIапIэм и унафэщI Левченкэ Роман.**

ЗЭIУЩIЭР нэхъыщхьэу зытеухуауэ щытар КъБР-м и электрокомплексым зегъэужьынырщ. Псалъэм папщIэ, тепсэлъыхьащ республикэм и къалэхэмрэ жылагъуэхэмрэ уздыгъэкIэ гукъеуэ щымыIэн папщIэ, зэщIыгъуу егъэкIуэкIын хуей лэжьыгъэхэм.

2022 - 2023 гъэхэм я бжьыхьэ - щIымахуэ лъэхъэнэм зыхуагъэхьэзыру зыхуей хуагъэзащ трасформатор 251-рэ, электрокъару зэрызекIуэ кIапсэ километри 100. Къыхэгъэщыпхъэщ ар мы гъэм ялэжьыну я гугъам нэхърэ зэрынэхъыбэр. А псоми текIуэдащ сом мелуан 274-рэ икIи а Iуэху дыдэм нэгъабэ хуаутIыпщауэ щытам нэхърэ нэхъыбэ ихьащ.

Гулъытэ хэха хуащIынущ псэупIэхэмрэ ухуэныгъэщIэхэмрэ уздыгъэр тыншу ирашалIэу Iуэхур зэтраублэным. Мы гъэм и мазибгъу блэкIам къриубыдэу уздыгъэ щIэшэнымкIэ Россетым зэгурыIуэныгъэ 1700-рэ ди щIыналъэм щращIылIащ.

## ЩытыкIэ гугъум къихутахэр

**ЩэкIуэгъуэм и 15-м ди республикэм къэкIуащ IэмалыншагъэкIэ Херсон областым къикIын хуей хъуа гуп. Ахэр къыщрагъэблэгъащ «Налшык» гъуэщI гъуэгу вокзалым.**



ЦIЫХУ 548-рэ хъу гупыр щIагъэтIысхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и санаторэ-курорт комплексым хыхьэхэу 5-м. КъэкIуахэм яхэтщ сабийхэри зи ныбжь хэкIуэтахэри.

Ахэр къызэрагъэпэщащ псэуным ехьэлIауэ зыхуейхэмкIэ. ЦIыхухэм медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ират, социальнэ IэнатIэхэр сэбэп мэхъу иратыпхъэ ахъшэр къаIэрыхьэнымкIэ тхылъхэр гъэхьэзырынымкIэ. Апхуэдэуи щIыналъэ МЧС-м и психологхэм зыщIагъэкъуэ къэIэпхъуэн хуей хъуахэм. Лэжьыгъэм къыхыхьащ «Дэ дызэгъусэщ» зэщIэхъееныгъэм и волонтёрхэр.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



# Муниципалитетхэр я зэфIэкIхэм еблэжыркъым

**Муниципалитетхэм я лэжьыгъэм щыхэплъэ зи чэзу зэIущIэр иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и УнафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, КъБР-м щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министр Лу Азэмэт, муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я Iэтащхьэхэр.**

ЗЭIУЩIЭМ къыщаIэта Iуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ мобилизацэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ирагъэкIыу дзэм ягъэкIуахэм дяпэкIи ядэIэпыкъуныр.

«ДызыхуэкIуэ тхьэмахуэ махуэм фIэмыкIыу зи чэзу дэIэпыкъуныгъэ яIэрыдгъэхьэнущ дзэм щыIэ ди щIалэхэм. Абыхэм шхын зэмылIэужьыгъуэхэр, махуэ къэс къагъэсэбэпыну хьэпшыпхэмрэ щыгъынхэмрэ, хущхъуэхэр, техническэ Iэмэпсымэхэр, иджырей автомобиль зыбжанэ яхуедгъэшэнущ», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

Гуманитар дэIэпыкъуныгъэр зэхуэхьэсыным хэтщ жылагъуэ куэдым я лIыкIуэхэр, бизнесменхэр, волонтёрхэр, ведомствэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ. ЗэIущIэм зэрыщыжаIамкIэ, социальнэ шэсыпIэхэм хиубыдэу ди щIыналъэм зыхуигъэувыжа къалэнхэр нэгъэсауэ гъэзэщIа мэхъу. Мобилизацэм ипкъ иткIэ дзэм ягъэкIуахэм ирата ахъшэр псори зэхэту сом мелуан 80-м ноблагъэ. «ЗауэлIхэм я унагъуэхэм быдэу дапыщIащ, абыхэм я Iуэху зыIутым муниципалитетхэр махуэ къэс кIэлъоплъ. ЖысIэну сыхуейщ тхьэусыхафэ куэд зэрыщымыIэр, къыкъуэкI гугъуехьхэмрэ зэкIэлъымыкIуагъэхэмрэ икIэщIыпIэкIэ зэрагъэзэкIуэжыр», - къыхигъэщхьэхукIащ республикэм и УнафэщIым.

КIуэкIуэ Казбек апхуэдэу къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищIащ Херсон областым щыпсэуахэм ящыщу цIыху 500 гъубж блэкIам и пщыхьэщхьэм республикэм къызэрыкIуам. Абыхэм сабийхэри зи ныбжьыр хэкIуэта цIыхухэри яхэтщ. IэмалыншагъэкIэ я щIыналъэм къикIахэр Налшык къалэм и санаторэ-курорт комплексым и IуэхущIапIэхэм трагуэшащ. Иджыпсту ахэр нэхъ зыхуэныкъуэ хьэпшыпхэмкIэ къызэрагъэпэщ, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ ират. Херсон областым къиIэпхъукIахэм зыхуеину тхылъхэр ягъэхьэзырынымкIэ социальнэ лэжьакIуэхэм зыщIагъакъуэ.

Муниципалитетхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм щыхэплъа зэIущIэм апхуэдэу къыщапщытащ республикэм и муниципальнэ еджапIэхэм лъэпкъ проектхэмрэ къэрал программэхэмрэ япкъ иткIэ къапэщыт Iуэхухэр зэрыщагъэзащIэр.

ЗэрыжаIамкIэ, лъэпкъ проектхэм хиубыдэу къапэщыта Iуэхухэм я нэхъыбапIэр муниципалитетхэм зэфIагъэкIащ. Иджыпсту екIуэкI лэжьыгъэхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм я нэхъыбэр къалэ кIуэцIхэр зэIузэпэщ щIыным хуэгъэзащ. «Псы къабзэ» щIыналъэ проектым пыщIауэ къыхущIагъужа ахъшэм и хьэкъкIэ муниципалитет зыбжанэм псы зрикIуэ бжьамийхэр щызэрахъуэкI.

ЦIыхухэр унэ кхъахэхэм къыщIэгъэIэпхъукIынымкIэ программэм ипкъ иткIэ 2022 гъэм а Iуэхум сом мелуан 238-рэ трагъэкIуэдэнущ. Ахъшэр зэрахуэфащэкIэ трагуэшащ программэм хэт муниципалитетхэм - Налшык къалэ округым, Аруан, Прохладнэ муниципальнэ районхэм. ЦIыхухэр унэ кхъахэхэм къыщIэгъэIэпхъукIынымкIэ программэр гъэзэщIэным хуэгъэзауэ 2022 - 2023 гъэхэм республикэм папщIэ щIыналъэхэм зегъэужьынымкIэ фондым сом мелуан 330-рэ къиутIыпщынущ. Программэм ипкъ иткIэ 2022 - 2025 гъэхэм зэманкIэрэ зэпыудауэ фэтэр куэд хъу унэу 60-м щыпсэу цIыху 2540-рэ ягъэIэпхъуэнущ.

Лэжьыгъэшхуэ йокIуэкI курыт еджапIэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным хуэунэтIауэ. Школ 14-м лэжьыгъэ псори щызэфIагъэкIри къызэIуахыжащ, Бахъсэн, Налшык къалэхэм, Тэрч, Май районхэм щыIэ еджапIихыр зыхуей хуагъэзэнущ дызэрыт илъэсым къриубыдэу.

Республикэм и УнафэщIым зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэмрэ абыхэм я Iэтащхьэхэмрэ яхуигъэуващ 2023 гъэм жылагъуэ зыбжанэм къыщрагъэжьэну спорт ухуэныгъэхэм я проектхэм елэжьыну. Апхуэдэ лъэIукIэ КIуэкIуэ Казбек зыкъыхуагъэзауэ щытащ республикэм щыпсэухэм ящыщ зыбжанэм.

# Къалащхьэм и уэрамхэмрэ зыгъэпсэхупIэхэмрэ ирагъэфIакIуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI цIыхухэм я зэхуэсыпIэу, зыгъэпсэхупIэу щыт щIыпIэхэр зэIузэпэщ щIыным хуэунэтIауэ.**

ИДЖЫБЛАГЪЭ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек къиплъыхьащ Налшык къалэм и къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ сымаджэщхэмрэ КъуэкIыпIэ псэупIэ хьэблэщIэмрэ хуэкIуэ гъуэгур, абы и Iэшэлъашэхэр. КIуэкIуэ Казбек жиIащ мы уэрамыр зэрызэрагъэпэщыжынур. Абы теухуа проект-сметэ тхылъхэр ягъэхьэзыр, 2023 гъэм ирагъэкIуэкIыну гъуэгу лэжьыгъэхэм хагъэхьэн папщIэ. Транспорт зекIуапIэр къагъэщIэрэщIэжынущ, лъэс зекIуапIэхэр щIэуэ ящIынущ, иджырей уэздыгъэхэр щыфIадзэнущ, щхъуантIагъэхэр щыхасэнущ. Щоджэным и цIэр зезыхьэ уэрамымрэ Уэрам цIыкIумрэ я зэблэкIыпIэм хуэзэу иджырей сквер щащIынущ. Абы зыгъэпсэхупIэхэр, къэкIухьыпIэхэр, щыджэгу, спортым зыщыхуагъасэ щIыпIэхэр иIэнущ.

Республикэм и УнафэщIым зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэм яхуигъэува пщэрылъхэм япкъ иткIэ зэIузэпэщ ящIынущ медицинэ IуэхущIапIэ ину зыбжанэ къызэщIэзыубыдэ сымаджэщ къалэ цIыкIум и щIыналъэри.

«Махуэ къэс мыбы цIыхуищэ бжыгъэхэр къокIуэ ди республикэми, ди гъунэгъу щIыналъэхэми къикIыурэ. Мы щIыпIэм жылагъуэ мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы къыхэкIыу къабзэлъабзагъэрэ зэIузэпэщ щытыкIэрэ къыщызэгъэпэщын хуейщ», - жиIащ Iэтащхьэм.

## КIУЭКIУЭ Казбек:

# Псори и чэзум нэдгъэсынущ

**КъБР-м и Iэтащхьэр хэтащ щIыналъэм зегъэужьынымкIэ Правительствэм и комиссэм и штабым и зэIущIэм.**

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат зи унафэщI штабым иригъэкIуэкIа видеозэIущIэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэри. Абы щытепсэлъыхьащ лъэпкъ, къэрал проектхэр 2022 - 2024 гъэхэм зэрагъэзэщIэнум.

«Формирование городской среды» щIыналъэ проектым и «Жилье и городская среда» лъэпкъ Iуэхум ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщагъэщIэрэщIэжащ пщIантIэ 55-рэ щIыпIэ 14-рэ. «Псы къабзэ» щIыналъэ проектым тету Тэрч къалэ, Анзорей, Куба, Лашынкъей, Нартан, Къулъкъужын Ипщэмрэ Ищхъэрэмрэ, Былым, Сэрмакъ жылагъуэхэм псы къыщыщIаш щIыпIэ 13 зыхуей хуагъэзащ.

«Здравоохранение», «Культура» проектхэм я Iыхьэщ онкодиспансерымрэ ЩIалэгъуалэ творчествэмкIэ унэмрэ ухуэныр. Щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу къагъэувыIауэ щыта Iуэхухэр ирагъэжьэжащ 2022 гъэм. КъищынэмыщIауэ, гъэр имыкI щIыкIэ зыхуей хуагъэзэнущ гъуэгу километри 180-рэ, абы щыщу километр 70-м уэздыгъэ трагъэувэнущ.

«Современная школа» лъэпкъ Iуэхур ягъэзащIэу курыт еджапIэхэр дащIыхьащ Прохладнэ, Нарткъалэ, Куба. Сабии 140-рэ зыщIэхуэ садыр мыгувэу щатын хуейщ Солдатскэ къуажэм.

«Пэжщ, а ухуэныгъэхэр республикэм щедгъэкIуэкI лэжьыгъэм и зы Iыхьэ мащIэу аращ. ЕхъулIэныгъэшхуэхэр къагъэлъагъуэу лъэпкъ проектхэр щагъэзащIэ щIыналъэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрыр. Дубзыхуа псори и чэзум нэдгъэсынущ!», - щыжиIащ КIуэкIуэм и телеграм-каналым.

# Хабзэр гъэбыдэнымкIэ къалэнхэм хоплъэ

**КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ республикэм Хабзэр щыхъумэнымкIэ зэзыгъэуIу зэхуэсымрэ КъБР-м Экономикэ, жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и советымрэ зэщIыгъуу къызэрагъэпэща зэIущIэр. Ар къыщызэIуихым республикэм и унафэщIым жиIащ: «Коррупцэм пэщIэтыныр къэрал властым и органхэмрэ хабзэхъумэ органхэмрэ зэпымыууэ зэгугъупхъэ къалэнщ. Коррупцэр нэгъэсауэ зэи зы щIыпIи щагъэкIуэдыфакъым, ауэ абы ткIийуэ зэрыбгъэдыхьэпхъэр, ар икъукIэ ди псэукIэм зэран къызэрыхуэхъур къызыгурымыIуэ къэгъуэтыгъуейщ. АтIэми абы пыщIа мыхъумыщIагъэхэр язынықъуэхэм къагъэсэбэп цIыхухэр къызэщIагъэплъэн, хагъэлъэдэн папщIэ. Псом хуэмыдэу ухегъаплъэ властым и органхэм щылажьэхэм ящыщхэр коррупцэм хэпщIауэ къыщыщIэкI къызэрыхъум икIи ахэр уголовнэ жэуапым зэрырашалIэм. Абы къыхэкIыу дэ ди къалэн нэхъыщхьэ дыдэщ коррупцэм дызэрыпэщIэтыр егъэфIэкIуэныр, властым и къэрал органхэм я лэжьыгъэр нэхъ зэIухауэ зэтегъэувэныр, административнэ мыхъумыщIагъэхэр къызэнэкIыныр».**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыIэм и аппаратым и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ **Мэкъуауэ Тимур**, хабзэхъумэ органхэм, министерствэхэм я унафэщIхэр, муниципальнэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр.

Коррупцэм пэщIэтынымкIэ лэжьыгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэм ятеухуауэ зэIущIэм докладхэр щащIащ КъБР-м и прокурорым и япэ къуэдзэ **Сысоенков Андрей**, КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр **Асанов Алим**, Шэджэм муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ **Борсэ Юрэ**, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ **Павлов Василий**, КъБР-м цIыхухэр егъэджэнымрэ щIэныгъэмкIэ и министр **Езауэ Анзор**, КъБР-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр **Бэрбэч Алим** сымэ.

Хабзэхъумэ органхэм я унафэщIхэм республикэм и Iэтащхьэр щыгъуазэ ящIащ коррупцэм пэщIэтынымкIэ законодательствэр къызэрызэпаудам пыщIауэ къызэрагъэпэща къэпщытэныгъэхэр зэрекIуэкIым. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм къарикIуахэр утыку кърахьащ гъэзэщIакIуэ властым и органхэм я унафэщIхэм.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщхьэхукIащ лъэпкъ проектхэмрэ федеральнэ программэхэмрэ гъэзэщIэным хуэгъэзауэ бюджет ахъшэр къызэрагъэсэбэпым кIэлъыплъыным иIэ мыхьэнэр зэрыиныр. «Проектхэр гъэзэщIэнымкIэ лэжьыгъэхэм я дэтхэнэ лъэхъэнэми бюджет ахъшэр къызэрагъэсэбэпым кIэлъыплъынымрэ ар щымыкIуэдыпхъэм щымыгъэкIуэдынымкIэ полномочиехэр нэгъэсауэ фиIэщ»,- жиIащ республикэм и Iэтащхьэм.

ЗэIущIэм щаубзыхуащ коррупцэм пэщIэтынымкIэ законодательствэр къыщызэпауд къэмыгъэхъуным хуэгъэзауэ ведомствэхэм я зэпыщIэныгъэхэр адэкIи егъэфIэкIуэным ехьэлIа къалэнхэр.



# Нэхъ хуэныкъуэхэм ират

**КъБР-м и Іэтащхьэм и унафэкІэ, щІыналъэ бюджетым къыхэкІ ахъшэкІэ къащэхуа транспортыщІэхэр дыгъуасэ иратащ республикэм Узыншагъэр хъумэнымкІэ, Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэхэм епха ІуэхущІапІэхэм.**

АВТОБУСХЭР къыщагъэсэбэпынущ Булунгу, Хьущтэ-Сырт, Шэджэм Ищхъэрэ, Балъкъэр Ипщэ, Джэрпэджэж, Безенги къуажэхэм.

Абыхэм къищынэмыщІа, техникэ 26-рэ зыІэрагъэхьащ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и нэІэм щІэт ІуэхущІапІэхэм папщІэ. Иджыри транспорт 15 илъэсым и кІэ пщІондэ къащэхуну я мурадщ. ТехникэщІэхэр яІэрыхьэнущ республикэм и район, къалэ округу 9-м: Бахъсэн къалэ округым, Прохладнэ, Дзэлыкъуэ, Лэскэн, Тэрч, Аруан, Шэрэдж, Іуащхьэмахуэ районхэм.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм епха ІуэхущІапІэхэм дэІэпыкъуэгъу псынщІэм и машинэу 9-рэ реанимобилу 1-рэ иратащ.

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ транспортыщІэхэр къызэращэхуфам, федеральнэ проектхэр республикэм зэригъэзащІэм и мызакъуэу, щІыналъэми и фІыгъэ зэрыхэлъыр.

- ИкъукІэ мыхьэнэшхуэ иІэу къызолъытэ лъэпкъ проектхэр гъэзэщІэным республикэм и ахъши зэрыхэтлъхьэфым. Зэдгъэпэща автобусхэр транспорткІэ гугъуехь здэщыІа къуажэ нэхъ пхыдзахэм щызекІуэнущ. Санкцэхэр зэран хуэдгъэхунукъым лъэпкъ проектхэм къыщыгъэлъэгъуахэр гъэзэщІэным, - къыхигъэщащ КІуэкІуэм.

Украинэм щекІуэкІ Іуэхухэм хэтыну Къэбэрдей-Балъкъэрым икІахэм папщІэ къащэхуащ УАЗ автомобилу 5.

**КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.**

## ЦРЫМ Руслан:

# ЦІыхур зэрыпсалъэ бзэм елъытащ абы и гупсысэкІэри и дуней лъагъукІэри

**КъБР-м и цІыхубэ сурэтыщІ, ХудожествэхэмкІэ Урысей Академием и академик, художник цІэрыІуэ Црым Руслан къызэралъхурэ илъэс 70 ирокъу.**

ЦРЫМ Руслан 1952 гъэм щэкІуэгъуэм и 20-м Аруан щІыналъэм хыхьэ Псыгуэнсу къуажэм къыщалъхуащ. 1975 гъэм Къэрэшей-Шэрджэс къэрал пединститутым и художественно-графикэ факультетыр къиухащ. 2012 гъэм ХудожествэхэмкІэ Урысей Академием и член-корреспондент, 2021 гъэм а ІуэхущІапІэм и академик хъуащ.

И лэжьыгъэ нэхъ купщІафІэхэм ящыщу къалъытащ «Смятение», «Ладья», «Солнце», «Материнство», «Распятие», «Музыкант», «Женщина», «Адам и Ева», «Цветы», «Эльбрус», «Автопортреты», «Жена», «Древний танец», «Два пророка», «Искушение», «Дерево красоты», «Мыслитель», «Восхождение», «Коленнопреклоненная», нэгъуэщІхэри. И сурэтхэр щызэхуэхьэса и альбом зыбжани къыдигъэкІащ Црымым: «Ruslan Tsrym», «метаморфозы TS», монография Славы Лён «TS. Ре-Цептуальный сериал в контексте постмодернизма», «Нартhэр» арт-объект тельыджэр.

«Нартhэр» лэжьыгъэм иужькІэ Црым Руслан джэгуакІуэу зыкъигъэлъэгъуащ. Художникым и лэжьыгъэр утыку къыщрихьам ар и теплъэкІи купщІэкІи телъыджэ ящыхъуащ икІи нэхъапэкІэ абы хуэбгъадэ хъун лэжьыгъэ къызэрыдэмыкІар къалъытащ. СурэтыщІыр илъэс бжыгъэкІэ зэлэжьа «Нартhэр» арт-объектыр къызэрымыкІуэу купщІафІэ ищІащ ІуэрыІуатэджэхэм я тхыгъэхэм къищынэмыщІауэ, архивым щахъумэ дэфтэрхэри къызэригъэсэбэпам.

Црым Руслан, тхылъ щхьэхуэу мыхъуу, нартхэм елэжьыну, лІыхъужьхэм я сурэтхэр ищІыну къэд щІауэ игу илъти, и хъуэпсапІэр къехъулІащ икІи еплъыкІэ щхьэхуэ зыхуиІэж а Іуэхум хущІыхьэгъуэкІэ бгъэдыхьащ, иужьым «Нартhэр» арт-объектым хуэкІуащ.

- Къысхуагъэлъэгъуа Іуэхум си сценарийкІэ сыбгъэдыхьэну сызэрыхьэзырыр щыжысІэм, арэзы къыздэхъуащ. Апхуэдэ лэжьыгъэм упэрыхьэн папщІэ дуней псом щыпсэу лъэпкъхэм я ІуэрыІуатэм Іейм фІыр зэрыщытекІуэр, щІэпхъаджащІэр зэрызаджащІэр, цІыхугъэншэмрэ цІыхугъэмрэ япэ игъэщыпхъэр къэплъытэн, уи еплъыкІэрэ бгъэдыхьэкІэрэ абыхэм яхуиІэжын хуейт. «Нартhэр» пшыналъэр щызгъэхьэзырым нэхъ тегъэщІапІэ сщІар ХьэтІохъущокъуэ Къазий 1860 гъэм и Іэдакъэ къыщІэкІа пшыналъэ едзыгъуиплІырщ. ІуэрыІуатэм ехьэлІауэ щыІэ ди пшыналъэхэм зэщхьэщыкІыныгъэ куэд хыболъагъуэ. Пшыналъэм щхьэж и еплъыкІэр хилъхьэну хуитыныгъэ имыІэмэ, творческэ и лъэныкъуэкІэ лъэпкъым и зыужьыныгъэр къызэтоувыІэ, - жиІащ Црым Руслан.

И лэжьыгъэм Црымым гулъытэ щыхуищІащ ди лъэпкъ пшыналъэр нэхъ жьы дыдэхэм зэращыщым, пасэм щыІа къэхъукъащІэ гуэрхэр зэуэ уи нэгу къызэрыщІигъэхьэм, джэгуакІуэхэм ІуэрыІуатэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэу къекІуэкІами, ипкъ нэхъыщхьэр зэрахъумам, ди нобэм къызэрахьэсам.

Къыхэгъэщыпхъэщ пшыналъэм къыщыхьа язынукъуэ псалъэхэр ди тхыбзэм и хабзэм къызэрыщІихьэщІыкІыр. Апхуэдэхэщ - «къым» кІэухыр «Іым»-у, куэд бжыгъэ къэзыгъэлъагъуэ - «хэ» префиксыр - «h»-уэ зэрыщитхар, - «у»-м иужькІэ - «ы» къызэрыщихьар, нэгъуэщІхэри. Абы теухуауэ Црымым жиІащ псалъэхэм я тхыкІэщІэу къыхилъхьам теухуа и еплъыкІэ зэриІэжыр, и арт-объектым ихуа пшыналъэхэм я тхыкІэр псоми къащІэну зэрахуимыгъэувыр, а зэхъуэкІыныгъэхэр бзэм пэгъунэгъухэм гугъу къазэращымыхъунур.

НапэкІуэцІ 450-рэ хъу, зи тебзэкІи фащэкІи зыхуей хуэгъэза къыдэкІыгъуэ телъыджэр и бжыгъэкІэ 1000 мэхъу. Абы и Іыхьэхэм къызэщІеубыдэ «Іуэхутхьэбзэщ1э», «Гугъэ», нарт лІыхъужьхэу Ашэмэз, Батэрэз, Бэдынокъуэ, ТІотІэрэш, Сосрыкъуэ сымэ хуэгъэпса пшыналъэхэр. Тхылъым ихуа пшыналъэхэмрэ сурэтхэмрэ Црым Руслан и Іэдакъэ къыщІэкІащ. Сурэтхэр Жэмыхъуэ Заур трихащ. Лэжьыгъэр лъэпкъ ІуэрыІуатэм, хъугъуэфІыгъуэм, бзэм, щэнхабзэм я хэлъхьэныгъэфІщ.

- Црым Руслан сурэтыщІ гъуазджэм зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьэри, и школ къыщызэІуихащ. Ар урикъунщ Руслан и пащхьэм уи пыІэр щыщхьэрыпхыну, - жеІэ исскуствовед, художник, усакІуэ Лен Славэ. - ЦІыхубзм я сурэтыр ищІащ икІи ар къехъулІащ художникым. Црымым и сурэтхэмкІэ и щІыналъэм хуиІэ лъагъуныгъэр къызэригъэлъагъуэм хуэдэу, зы бзэкІи, зы псалъэкІи Хэку лъагъуныгъэр къыпхуэІуэтэнукъым.

Руслан и лэжьыгъэхэр щахъумэ КъБР-м СурэтыщІ гъуазджэхэмкІэ Ткаченкэ Андрей и цІэр зезыхьэ и музейм, Иджырей гъуазджэхэмкІэ Иорданием и Пащтыхь музейм, КъуэкІыпІэ лъэпкъхэм я музейм и къудамэу Мейкъуапэ щыІэм, Иджырей гъуазджэхэмкІэ Москва и музейм. Црымым и лэжьыгъэхэр 80 гъэхэм щыщІэдзауэ республикэ, дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэм хэтащ. Москва къалэм ЩэнхабзэмкІэ и фондым выставкэхэмрэ аукционхэмкІэ и «Станбет» галереем 1992 гъэм щекІуэкІа и выставкэр цІыхубэм хуабжьу ягу дыхьауэ щытащ. Апхуэдэу и гъэлъэгъуэныгъэхэр щекІуэкІащ икІи и сурэтхэм щІэупщІэ щиІэщ Мэхъэчкъалэ, Владикавказ, Налшык, Псыхуабэ, Мейкъуапэ, Сыхъум, Дон Іус Ростов, Москва, Санкт-Петербург, Таллин, Хельсинки, Берлин, Лондон, Истамбыл, Амман къалэхэм, Финляндие, Франджы къэралыгъуэхэм, нэгъуэщІ щІыпІэхэми.

- Црымым и лэжьыгъэхэм гупсысэ куу ящІэлъщ. Дунейм къыщекІуэкІхэмрэ цІыхубэр зыгъэгузавэмрэ зэпымыууэ гулъытэ хуэзыщІ художникым и сурэтхэм ахэр къыщигъэлъэгъуащ, тхыдэ къэхъугъэхэр къызэщІиубыдэу, - жеІэ ХудожествэхэмкІэ Урысей Академием и академик Вяжевич Марие. - Руслан и сурэтхэм къызэщІаубыдэ тхыдэри, философиери, культурологиери, филологиери, этимологиери. И лэжьыгъэхэм дамыгъэхэмрэ нэщэнэхэмрэ щыкуэдщ. Зэпымыууэ щІэм лъыхъуэ, кІуэ пэтми зызыузэщІ сурэтыщІщ Црымыр.

- Си лэжьыгъэхэр зытеухуа цІыхухэр насыпыфІэкъым икІи насыпыншэкъым. Адыгэбзэм насып псалъэм нэгъуэщІ мыхьэнэ щиІэщ, урысыбзэм ебгъапщэмэ. ЦІыхур зэрыпсалъэ бзэм елъытащ абы и гупсысэкІэри, и дуней лъагъукІэри. - жеІэ Црымым. - Зы пІэм зызымыужьу ит художникым щІэупщІэ иІэнукъым. Къыстепса дыгъэр зыхуэдизым елъытащ си сурэтхэм щалъагъу нэхур. Сурэтхэр щІэныгъэкъым, ахэр усыгъэм хуэбгъэдэ хъунущ.

СурэтыщІ цІэрыІуэ Шемякин Михаил Црымым и лэжьыгъэхэм зыхигъэгуэза нэужь, абыхэм я фІагъымрэ ахэр зыми зэремыщхьымрэ къигъэуІэбжьащ икІи къилъытащ художникым пасэрей ІэщІэлъапщІэхэм я щапхъэ нэхъыфІхэм пыщІэныгъэ быдэ яхуиІэу.

- Си къуэш, узытет гъуазджэ гъуэгуанэр пхуэгъурлыну, уи ІэщІагъэм ехъулІэныгъэрэ текІуэныгъэрэ ущиІэну, насып къыпхудэкІуэну си гуапэщ! - Апхуэдэ псалъэхэмкІэ зыкъыхуигъэзащ Шемякиным.

Дэри дохъуэхъу дызыгъэгушхуэ Црым Руслан зыгъэгушхуэн щымыщІэну.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**



**КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ къыхилъхьэри, республикэм законхэр къыдэзыгъэкІ и орган нэхъыщхьэм и депутатхэм къызэрагъэпэщащ мобилизацэм ипкъ иткІэ дашахэм папщІэ гуманитар дэІэпыкъуныгъэ. Абы хохьэ щыгъын щІыІутелъ, щІагъщІэлъ хуабэхэр, нэгъуэщІ хьэпшыпхэр. ЩІымахуэ зэманыр къызэрыблэгъам тещІыхьауэ парламентархэм къащэхуа хьэпшыпхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу дзэ къулыкъур зыгъэзащІэхэм хурагъашэ.**

- Мобилизацэм ипкъ иткІэ дзэ къулыкъум яша ди щІалэхэм дэІэпыкъуныгъэ ират республикэм исхэм ящыщ куэдым. ЗэрыгурыІуэгъуэщи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентри а лэжьыгъэм хэтщи, дэ зэхуэтхьэса зи чэзу дэІэпыкъуныгъэр едгъэжьащ. Дызэрытекlуэнум шэч къытетхьэркъым. Ди щІалэхэми мыгувэу узыншэу къагъэзэжыну дащогугъ. Дэ абыхэм датемыгузэвыхьу къанэркъым икІи Іуэхур зыІутыр тэмэму къагурыІуэу ахэр езыгъэжьа адэ-анэхэм фІыщІэ яхудощІ, - жиІащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщІым и къуэдзэ Къардэн Мурат.

Депутатхэм зэрыжаІамкІэ, мы зэманым дзэ операцэ хэхар щекІуэкІ щІыпІэхэм щыІэ ди щІалэхэм яхуэфащэ гулъытэ яхуэщІыныр Іуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу къалъытэ. Апхуэдэу мобилизацэм ипкъ иткІэ дзэм яшахэм я унагъуэхэм ящыщу парламентархэм лъэІукІэ закъыхуэзыгъэзахэри гулъытэншэу къагъанэркъым.

# Дызэкъуэтщ!

***КъБР-м и Парламентым и пресс-ІуэхущІапІэ.***

## Мы махуэхэм

**ЩэкІуэгъуэм и 19,**
***щэбэт***

✦**ЦІыхухъухэм я дунейпсо махуэщ**
✦**Урысей Федерацэм и Ракетэдзэхэмрэ артиллериемрэ я махуэщ**
✦**1941 гъэм** Налшык къалэм Зыхъумэжыныгъэмкlэ и комитетым Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэр къызэгъэпэщыным теухуа унафэ къищтащ.
✦**1942 гъэм** советыдзэхэр Сталинград деж щебгъэрыкІуэу хуежьащ, къалэр хуит къэщІыжыным хуэунэтІа зауэшхуэм щІидзащ. Ар екІуэкІащ 1943 гъэм мазаем и 2 пщІондэ.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык дыгъэпсу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 14, жэщым 9 градус щыхъунущ.

**ЩэкІуэгъуэм и 20,**
***тхьэмахуэ***

✦**Сабийм и дунейпсо махуэщ**
✦**Сабий дохутырым и дунейпсо махуэщ**
✦**Тхьэмбыл узыфэм пэщІэтыным и дунейпсо махуэщ**
✦КъШР-м, АР-м щІыхь зиІэ я журналист, «Къэрэшей-Шэрджэс» КъТРК-м и адыгэ къудамэм и унафэщІ **ЩакІуэ Мусэлий** къыщалъхуа махуэщ (1946 гъэм).
✦Юридическэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, АКъУ-м и профессор, ЩІДАА-м и академик **Мэретыкъуэ Хьисэ** къыщалъхуа махуэщ (1952 гъэ).

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык дыгъэпсу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 11 - 17, жэщым 8 градус щыхъунущ.

**ЩэкІуэгъуэм и 21,**
***блыщхьэ***

✦**Философием и дунейпсо махуэщ**
✦**Телевиденэм и дунейпсо махуэщ**
✦**Тутын емыфэным и дунейпсо махуэщ**
✦**Сэлам зэхыным и дунейпсо махуэщ**
✦**Урысей Федерацэм и налог органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ.**
✦**Бухгалтерым и махуэщ**
✦СурэтыщІ-живописец, УФ-м и Художникхэм я зэгухьэныгъэм хэт **Маргъущ Анатолэ** къыщалъхуа махуэщ (1951 гъэм).

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 16, жэщым градуси 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**БАГЪЭТЫР Луизэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

**Благъэжь бий умыщІи, псы жапІэжь унэ тумыщІыхь.**

# Емызэш мэшыбэ ещIэ

**ЦIыху гъащIэр лъэужьыфIэ зыщIыр щIэблэмрэ гуащIэмрэщ. ЛъхугъэщIэм хъуэхъурэ фIэхъускIэ щIыпежьэр цIыху нэс къищIыкIыну щIохъуэпс, ар къызыщIэхъуахэм я цIэр фIыкIэ дунейм щигъэIуну, жылэрэ лъэпкърэ ятрищIыкIыну щогугъ. ЛIыпIэ иувэу цIыхум яхыхьари гугъапIэншэкъым - и цIэр къилэжьыжыну, къэзылъхуахэм яхуэфащэщ зыхужригъэIэну поплъэ. ЩIалэщIэм дунейм къыщекIуэкIыр акъыл шыбзэм щIигъэкIрэ, жылэм ифI зыхэлъ къыхэкIыу хуежьэмэ, и щхьэр къалъыхъуэ мэхъу. Апхуэдэущ дунейм зэрытетари жылагъуэ гъащIэр егъэфIэкIуэнымкIэ и жэрдэмщIакIуэфIу щыта, зи жыIэм фIэлIыкI иIэу псэуа Къардэн Барэсбий.**




КЪАРДЭН Мусэрэ КIунэрэ я унагъуэр зымыцIыху ХьэтIохъущыкъуей къуажэ дэсауэ къыщIэкIынкъым. Мусэ лэжьыгъэр фIыуэ зылъагъу, зи пщIэнтIэпс къабзэкIэ псэу унагъуэшхуэм къыхэкIат. Ар щIалэ набдзэгубдзаплъэт, и зэхэщIыкIыр апхуэдизкIэ жыжьэ нэсырти, езым ифI зыхэлъри къыщыхэкIыр мымащIэу, цIыхубэм къызэрымыкIуэу ещхьэпэрт. Мусэ хэлъа цIыхугъэр кърибгъэлъэгъуэн щхьэкIэ зы щапхъэ нэхъыбэ ухуейкъым. ХуэмыщIахэм зыщIагъэкъуэн гухэлъкIэ къуажэм щагъэуват емыгъэз амбар. Емыгъэз амбарыр шыкуэтэн лъагэ щIэту дуушхуэ теплъэ зиIэ ухуэныгъэт. Хэт сыт хузэфIэкIми, зэмыкIуэкIыну гъавэхэкIхэм щыщ абы кърахьэлIэрт. Хуэныкъуэр абы хэIэбэу къыхихыну хуиту щытащ. ХузэфIэкIмэ, къыхилъхьэжынут, армэрымэ - хьэлэл хуащIырт. ЦIыхум кърахьэлIэм къищынэмыщIауэ, Мусэ шыкуэтэным мэл зытIущ жэщым кърихулIэрт, абы щыгъуазэ зылI пщэдджыжьым ахэр зэIихыу хуэныкъуэхэм яритын папщIэ. НэгъуэщI къэзыщIэ щыIакъым. Мусэ зэуапIэм щикIуадэм, ар къэзыIуэтэжауэ щытар а лIыращ. И Iэ ижьым ищIэм Iэ сэмэгур щымыгъуазэу псапащIэу псэуа лIыр, унагъуэмкIэ ткIийт, лэжьыгъэмкIэ ерыщт. И ткIиягъыр быным лей езых щытыкIэтэкъым, гъэсэкIэт, дунейм и пIалъэр ящIэу къигъэтэджын щхьэкIэ унагъуэм зэрыбгъэдэт щIыкIэт. Унэгуащэ КIуни лъэкI къигъэнакъым абы и пщIэр быным я деж щиIэтын папщIэ. ИужькIэщ цIыхум щыжаIар адэм и хабзэр быным бзыпхъэ хуэмыхъужатэмэ, Мусэ и къуэ Барэсбий къищIыкIар къимыщIыкIынкIэ хъунут жаIэу.

Къардэн Барэсбий и цIэр япэ дыдэу жаIэн хуей щIэхъуам ущхьэгъу иIэщ. Хэку зауэшхуэр къыщыхъейм, къуажэ мылъкур бийм яIэщIэмыхьэн папщIэ гъэIэпхъуэн хуей хъуащ. ЗэрыпхъуакIуэхэр Зеикъуэ къыщысым, партизанхэр икIуэту Бахъсэныжь адрыщIымкIэ щыIэ ПокIагуэ, Афэбг мэз Iувхэм зыщагъэбыдэн хуей хъуащ. Лэгъупэжьхэм хъушэхэр ягъэкуэшын, бийр здынэмысын щIыпIэ ягъэIэпхъуэн хуейт. УэтэрыжькIэ зэджэм Iэщышхуэ къепхат. Арат лэгъупэжь къуэдзэу Барэсбий здэщыIэр. Жэщым ирахужьа Iэщ пIащэр гумэщIыгъуэ къыхэмыкIыу адрыщIым нагъэсащ. Iэщ цIыкIур къыщрахужьэм, нэхущнэгъым и къэщIыгъуэти, псыр къыдэкIуеящ, арыххэуи, мэлыр ирихьэхыу хуежьащ. Барэсбийрэ лэгъупэжьым и къуэ Хьэсэнрэ мыхъуатэмэ, а махуэм хъушэм щIагъуэ къыхэнэну къыщIэкIынтэкъым. Псы есыкIэр мыбзаджэу зыщIэ щIалитIыр адрыщI ныджэм къытехьэщ, бгы нэзым гуэту жэрыгъэкIэ нэхъ ищхъэрэIуэкIэ къажэрищ, псы жапIэр нэхъ Iузэ щыхъу зы щIыпIэ псым зыхадзащ. Псым кърихьэх мэлыр къаубыдым, мо щIалэ танитIым ныджэмкIэ къытрадзэурэ, хъушэр, тIу-щы нэхъ хэмыщIу, кърагъэлащ. НэгъуэщI зы далэу щытыгъамэ, щIалитIым я лIыгъэр яIэтынт. Псэзэпылъхьэгъуэ далэти, абы лейуэ зыри ирипсэлъакъым, хэти ищIэну щыт Iуэхугъуэу къалъытэри, абдеж щагъэужьыхыжащ. Мы псор къыщыхъуар 1942 гъэм и жэпуэгъуэ - щэкIуэгъуэ мазэхэрщ. Абы щыгъуэ ахэр илъэс 14-м иту арат.

Зэрыпхъуак Iуэхэр ирахужьэжа нэужь, щIалэщIэ зыбжанэ еджакIуэ ягъэкIуэну унафэ къащтэ. Шэмэджыкъур зыгъэIэрыхуэ лIы къуажэм къыдэмынэу зауэм щыIэти, абы я пIэм иувэн жылэр хуэныкъуэт. Унафэм ипкъ иткIэ, щIалэхэр къыхах еджапIэ кIуэну. Абыхэм яхэхуащ Къардэнри. Ар щыхьэрым дэт мэкъумэш техникумым Iэщ дохутыру щеджащ, IэщIагъэм хъарзынэу щыгъуэзауи къуажэм къигъэзэжащ.

Барэсбий япэщIыкIэ гъэш фермэм и учётчикыу ягъэув. И щIэныгъэр лэжьыгъэм хипщэн папщIэ хузэфIэкI къимыгъанэу лэжьащ щIалэщIэр. Куэд дэмыкIыуи IэнатIэм щыпашэ мэхъу, учётчик нэхъыжь цIэри къыхуагъэфащэ. Барэсбий зыхэтым къахэщырт: и акъыл щыгугъыу Iуэху ирихьэжьэртэкъым, къыхилъхьэ гупсысэмкIэ Iуэхум и пIалъэ зыщIэ нэхъыжьыIуэхэм ечэнджэщырт. Барэсбий и лэжьэкIэм щIэх щIэупщIэ игъуэтащ, зыбгъэдэт Iуэхум щхьэзыфIэфIагъ зэрыхимылъхьэр, и щIэныгъэр игъэпIийуэ езым хуэдэхэм епэгэкIыну зэрыхэмытыр къагурыIуащ. Щалъхуа жылэм ифI зыхэлъым телажьэмэ, езыри фIы зэрыхуэзэнур къыгурыIуэрти, Барэсбий зауэм зэхикъута псэукIэр зэфIэгъэувэжыным хьэлэлу и ужь итащ. Езыр унафэщIми, Барэсбий Iэпщэ лэжьыгъэм зыпыIуидзакъым: жэмкIэ вэхэм вауэу яхэувэрт, мэкъу еуэхэм яхыхьамэ, цIыхуитIым къыгуахыфыну аргъынэр езым и закъуэ кърихьэхырт. И лъагуэжьэгъу щIалэхэм Барэсбий пщIэ къыщIыхуащIам ар и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэщ - щхьэпэлъагэу зэи закъригъэлъэгъуакъым: ящIэр ядищIэу, яшхыр ядишхыу, и IэнатIэ хьэкъри химыгъэкIуадэу къадэгъуэгурыкIуащ.

Дзэм къулыкъу щищIэну щыдашым, гуащIэдэкI лэжьыгъэр Барэсбий илъэсиплIкIэ зэпигъэуащ. ЛIыпIэ иуварэ гъащIэм еплъыкIэ пыухыкIахэр хуиIэ зэрыхъуар наIуэу Барэсбий къигъэзэжащ. Iэщым епха хуэIухуэщIэхэр лъэхъэнэм и нэщэнэт, абыкIэ уиIэ ехъулIэныгъэрат укъызэрацIыхури, пэлъэщыну къалъытэри, гъэш фермэр и Iэ кърапъхьащ. Барэсбий а IэнатIэм щыхузэфIэкIар хъыбарыжьу къуажэм нобэми къыщрахьэкI. Жэмищэ къэс шкIищэ къащIэхъуэныр пщэрылъ зыщищIыжри, кIэщIу зригъэгъэхъулIащ. Сыт хуэдэ зэпеуэ щымыIами, Барэсбий зи пашэ фермэм япэ увыпIэхэр къахьу илъэс куэдкIэ екIуэкIащ. «ХьэтIохъущыкъуей жэмым Къэбэрдей тафэр къегъашхэ», - жаIэрт, а псалъэхэр хэту уэрэди яусауэ щытащ.

Заул дэкIауэ унафэщIхэм щIалэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэн, и есэныгъэхэр къуажэм хурикъуми, бгъэдэлъ зэхэщIыкIым хэгъэхъуэн хуейуэ къагъэув. Кърахьэл Iа чэнджэщым Къардэныр емыбакъуэу еджапIэ нэхъыщхьэм щIотIысхьэ, бухгалтер IэщIагъэми хуоджэ. IэнатIэм илъэс зыбжанэкIэ ирилэжьа щIалэм хузэфIэкIащ абдежи дзыхь къыщIыхуэпщIын щэнхабзэ зэрыхэлъыр цIыхухэм яригъэлъагъун. Ар къалъытэри, колхозым и парт бюром и секретару къагъэлъагъуэ, цIыхухэри арэзыуэ хах. ЦIыху пэжу, хэлъэт иIэу, псоми нэсу, гу зылъимытэ щымыIэу IэнатIэм пэрыт Къардэным лъэкIащ жаIэу къуажэм и цIэр фIыкIэ кърригъэIуэн. Ар колхоз унафэщIтэкъым, ауэ унафэщIым илъагъун хуей куэдым гу лъитэрти, ткIийуэ, ауэ еудых хэмыту дэтхэнэми гуригъаIуэрт и Iуэхур.

Зеикъуэ дэт колхозитIыр 1959 гъэм щызэгуагъэхьэжым, Барэсбий парткомым и секретарь къалэныр къыхуагъэнэж. Зэхыхьэжыр хъарзынэт, ауэ мылъкушхуэрэ лэжьыгъэшхуэрэ иIэ хъуащ. Уибг щIэпкъузэмэ, а псор къызэбгъэпэщыфыну къыщIэкIынт, ауэ абы къарууэ ихьынум ар и уасэтэкъым. Абы къыхэкIыу колхозыр аргуэру тIууэ зэхагъэкIри, Кировым и цIэр зезыхьэм Барэсбий и тхьэмадэу трагъэувэ. Сыт пыухыкIауэ Барэсбий лъэкIар жыпIэмэ, абы и жэуапыр кIыхь хъунущ. ЕмытIысэхыу лажьэ колхозым и мылъкур мэбагъуэ, къыхуагъэува мардэм щIригъэгъу зэпыту, къыдэхуэр гъунэгъу щIыналъэхэм щIыхуэ яриту мэхъу, ар къэгъэнауэ, япэ дыдэу лэжьапщIэр ахъшэкIэ тыным хуокIуэ. Абы еплъытмэ, адрей гуагъэкIа колхозым и зыужьыныгъэр къыкIэрыхурт, и Iуэхухэри нэхъ зэкIэлъымыкIуэу екIуэкIырт. Зы жылэм и псэукIэр апхуэдизу зэтекI зэрымыхъунур къулыкъущIэхэм къагурыIуэри, колхозитIыр зэгуагъэхьэжащ, «Зеикъуэ» цIэ дахэри абы фIащащ. Колхозхэм псоми революцэмрэ совет псэукIэм и жэрдэмщIакIуэхэмрэ я цIэр трамыхыу ятелът, къэунэхухэми апхуэмыдэ фIэщыгъэ хуащIыртэкъым. «Зеикъуэ» цIэращ абы нэгъуэщI бгъэдыхьэкIэ езытар. Ар зи фIыщIэр Къардэнымрэ къуажэдэс нэхъыжьыфIхэмрэщ.

Лэжьыгъэм зэпымычу узытепсэлъыхьын, зыхуей хуэбгъазэу уи нэIэ зытетын Iуэхур и мащIэкъым. КолхозитIым я зэгуэкI бжыгъэншэхэм фIы къызэрамышэм куэд лъандэрэ жылэр ирипсалъэрт, ар къыгурыIуэрт Барэсбии. Ар нэхъыщхьэу хэлъагъэнущ къуажэкум хуэзэу правленэм и унэр щыщIын хуейуэ тхьэмадэ емышыжым къыщIыхилъхьам. Абы ирихьэлIэу Iуащхьэмахуэ щIыналъэр Бахъсэн районым гуагъэхьэжри, ар зыщIэса унэшхуэм правленэри, къуажэ Советри Iэпхъуащ. «Унэшхуэ» жытIэ щхьэкIэ, ар унапIэ зэгъэпэща щыхъуар Барэсбий щытета илъэсхэрщ. ПкъощIэсэхэр лъагэу, унащхьэр къыхэIэтыкIауэ, къуажапщэми къуажэкIэми къиплъхэм ялъагъуу дращIеят. IуэхущIапIэм колхоз лэжьыгъэр зыубзыху къудамэхэр хэтт, дэтхэнэми и къалэн иIэжу. Къардэн Барэсбий ящыщщ япэ дыдэу къуажэм и псэукIэр ефIэкIуэн папщIэ абы епха Iуэхугъуэхэм бгъэдыхьэкIэщIэ къахуэгъуэтын хуейуэ зыгъэувахэм. Псом япэу Iэщхэр зыщIэтыну псэуалъэхэр, джэдкъаз фермэшхуэ, шы Iыгъыпlэ яухуэ. Къуажэм щхьэлхэр дащIыхь. «Барэсбий дэнэ щыIэ?» - жаIэрэ щIэупщIэмэ, мо текIыжа къудейщ, иджыпсту къос, мобы щыIэщ, жаIэу лэжьыгъэр гуащIэу зэтеубла хъуат. ЛIым къуажэр къыщимыплъыхь икIи Iуэхур зыIутыр щызримыгъащIэ зы махуэ къыхэкIакъым. Къуажэ губгъуэр и унапIэу лэжьащ Барэсбий.

**Дызэпэзэрылъэ защIэщи,**
**дызэрызехьэурэ губгъуэм дыдокI,**
**Дыкъеплъыхыжрэ дыкъаплъэмэ,**
**Бахъсэныжь псы уэру йожэх.**
**Хьэрэкхъуэрэшхуэр ди плъапIэщи,**
**ди лъэр лэжьыгъэм щIегъэкI,**
**Гъэр къэсмэ ди зэхьэзэхуэщи,**
**Къардэным дыкърехуэкI.**

Зеикъуэм и колхоз уэрэдхэм ящыщ зым и пычыгъуэщ мы сатырхэр. Къуажэр зыхэт щыIэкIэр уи нэгу IупщIу къыщIегъэувэ, Барэсбий и гугъу къыхэщымкIи IуэхущIэгъэху зэримыдэр къыбгуроIуэ. ИкI хущIегъуэжакъым жылэр абы. Гъавэми, бэвагъми, Iэщым къит хъерми зэрыхэхъуэм папщIэ, 1966 гъэм Къардэным ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденыр къыхуагъэфэщащ. Ар ехъулIэныгъэт, ар гушхуэныгъэт! Колхозым ефIэкIуэн абдеж щыщигъэтакъым, къыщIэкIуэ имыIэуи ипэкIэ кIуэтащ. 1971 гъэм Къардэным аргуэру ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденыр и бгъэм къыхалъхьэ. Барэсбий и щхьэр лъагэу щIилъагъужын мылъку бгъэдэлът колхозым. 1970 гъэм къыщыщIэдзауэ колхозым къэралым зы илъэсым ирищэрт шэуэ тонн мин 24-м нэс, лыуэ тонн 650-м щIигъу. А далэм «Зеикъуэм» былымыщхьэ къудейуэ минихым нэблагъэ, хъушэу мин 35-рэ, адыгэшу мин хуэдиз зэрихуэрт, джэдкъаз фермэшхуи иIэт. Колхозым и гъэш фермэхэм яйуэ жэм минрэ щиблрэ зыщIэхуэ, Iэбгъэ-шыбгъэу минищрэ щитхурэ зыщIэтын, мэл чэту къущхьэхъуми къуажэщIми щэщIым щIигъу щаухуауэ щытащ. ХакIуэхэм бо, шыщIэхэм гуэщ хуабэ яIэт. А лъэхъэнэм къыдэкIа газетым къуажэм теухуауэ «Жейм емызэгъ Зеикъуэ» жиIэу зы псалъэ итщ. ЦIыхур хущIэкъурт лэжьыгъэкIэ къызэрыхэщым хуэдэ дыдэу, псэукIэкIи ефIэкIуэну. Барэсбий и щхьэкIэ зыщIэхъуэпсыр къуажэм щилэжьурэ псори зэдефIакIуэ хъуат. Арат ар жейм щIемызэгъыжыр, арат ар зыгъэпсэур. Къардэн Барэсбий колхозым и унафэщIу зэрыхахамкIэ къуажэдэсхэр щыуауэ жызыIэфын щыIэкъым. Щыуа дэнэ къэна, колхозыр абы дэунащ, псэукIэм фIы и лъэныкъуэкIи зихъуэжащ.

Къардэным хэлъа фIагъхэм ящыщу жыIэн хуейщ ехъулIэныгъэ псори и щхьэ закъуэм и фIыщIэу къилъытэу зэрыщымытар. Ныбжьэгъухэмрэ лэжьэгъухэмрэ игу фIыкIэ къигъэкIыжырт, щапхъэу къихьырт. Сыт щыгъуи къыхигъэщырт узыхэтым уи псалъэр къебгъащтэм и мызакъуэу, абыхэм жаIэм щыщу къэпщтэни гъунэжу зэрыщыIэр.

Барэсбий цIыху ткIийт. Ауэ адыгэлIыр зыгъэткIийр пэжагъ зыхэлъхьэн хуей Iуэхукъэ? АбыкIэ хьэкъ къытенакъым абы. Щыуамрэ мылажьэмрэ ешхыдэнут, гъуэгу захуэм тришэжынут. Ар унафэщI акъылыфIэм и нэщэнэу къыщIэкIынщ. Аращ ноби Барэсбий къуажэдэсхэм я псэм фIыкIэ щIыхэлъыр. Апхуэдэу щыт пэтми, убгъэдыхьауэ укъигъэщIэхъунутэкъым, уеупщIауэ, жэуапыншэ уищIынутэкъым, зыкъыпщIигъэкъуэнут. ЕджакIуэхэр губгъуэм нартыхудэч, кIэртIофщыпэ е Iэнащтэ дыдашамэ, къыткIэлъыкIуэу, дызэрылажьэм еплъу, къыддилъэгъуар бзыщI къыхэмыкIыу къыджиIэу щытащ. Къыдэплъырт, ди цIэр зригъащIэрт, дыкъэзылъхуахэм я фIагъ къэзыIуатэ хъыбархэр ди лъэгуажьэгъухэр зэхэту жиIэрти, дамэ къыттекIам хуэдэу дигъэгушхуэрт. Хэтыт зи гуапэ мыхъунур уи нэхъыжьхэр лэжьыгъэкIэ къызэрымыкIуэу щытауэ щаIуатэкIэ. Гупым уакъыхилъагъукIа нэужь, псэлъэгъу уищIынут, узыхуэныкъуэ е узыщIэхъуэпс гуэр щыIэмэ, жыуигъэIэнурэ, ар къыпхуимыщIауэ етIысэх иIэнутэкъым.

Барэсбий къуажэщIыр хэти ирифыгъулIэрт. КъуажэщIым щыщу зы метр зэбгъузэнатIэ зыгуэрым етыныр е ещэныр къэгъэнауэ, ягъэхьэулейуи, абы зи Iуэху хэмылъ къекIуалIэуи идэнутэкъым. Зы щIыгу кIапэ мылажьэу иутIыпщынутэкъым, иракъухьа щыIами, зэщIикъуэжурэ колхозым и щIым хигъэхьэжынут. А псомкIи абы щхьэпэ къыхуэхъурт хъупIи, вапIи, мэкъупIи - адэжь лъахэр фIыуэ ицIыхурт. Къуажэ мылъкур псэкIэ ихъумащ, жыпIэмэ егъэлея хъунукъым. «Ди унафэщIыр пщы я пщыж ХьэтIохъущокъуэм ещхьщ: ищI зыми иритынукъым, езым имеи пфIиубыдынукъым».

«Емызэш мэшыбэ ещIэ», - жыхуаIэрати, Барэсбий унафэр щыIэщIэлъа далэм кърииубыдэу къуажэ кIуэцIым ирикIуэ гъуэгухэр, къущхьэхъущIым уезышалIэ зекIуапIэхэр, жылэ гъунэгъухэр зэпызыщIэ гъуэгухэр (Зеикъуэ - Абзуанхьэблэ - Къуэнхьэблэ) яухуащ, Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ уэрам кIыхьым асфальт тралъхьащ, БахъсэныпсымлъэмыжкIэ узэпрыкIыу ящIащ. Дыгъэмыхъуэ ирагъэува сымаджэщым и цIэр хэгъэгум фIы и лъэныкъуэкIэ Iуащ. А лэжьыгъэшхуэм кърикIуащ Къардэным къэралым къыхуигъэфэща ещанэ орденри.

Зауэм Барэсбий IэщIиха и адэр щыщыгъупща зэи къэхъуакъым. Ар и хьэдагъэ щэхуу псэуащ адыгэлIыр. Арагъэнущ Барэсбий щымыIэжхэмкIэ гууз щIиIар. Абы къыхилъхьа гукъэкIым и фIыгъэщ зи унафэ ищI колхозым и мылъкукIэ къуажэм Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр зэрыщаухуар. ПсыIэрышэм ибгъукIэ щыт къуэшыкхъэр кърѝгъэщIыхьащ, абдеж щыт фэеплъыр къиIэтащ. Къуажэм щыщу зауаем зи щхьэр хэзылъхьа щIалэхэм я мывэскъарри щхьэхуэу щригъэухуащ. Къардэным и фIыщIэ хэлъщ зауэм хэкIуэдахэм я цIэунагъуэцIэхэр зэхуэхьэсын хуейуэ къыхалъхьа жэрдэмми. Ар Жылау Нурбий абы диIыгъри, еджапIэм щIэсхэр унащхьэ чэзууэ дыхэтат, нэхъыжь зиIэхэм я Iыхь-лыуэ зи цIэ къащIэжхэр зэхуэтхьэсыжу. Нэхъыжьхэм яIа гудзакъэм и фIыгъэкIэ, а щIалэхэр гъэриб хъуакъым - я унагъуэцIэхэмрэ цIэхэмрэ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я Фэеплъ тхылъым итщ.

ЕгъэджакIуэм и лэжьыгъэм пщIэ хуищIащ Барэсбий. «ЩIэблэфIыр фIыгъуэшхуэщ, фащэщ. Iулыджым я нэхъ иныр зыхуэфащэр ахэращ», - жиIэрт, икIи игъэлъапIэрт. Барэсбий хуэдэу егъэджэныгъэ IэнатIэм пэрыт IэщIагъэлIхэр зыгъэпэжа къуажэм и унафэр иужькIэ зыIэщIыхьахэм къахэкIакъым. Къардэным абыхэм сыт щыгъуи далэ къахуигъуэтырт игъэгуфIэну. УнафэщIым и гулъытэ зыгъуэт егъэджакIуэм пщIэ иIэт, и цIэм фIэлIыкIырт. Иджы хуэдэу, яхуэпсэлъэныр, Iуэху паубыдыныр къэгъэнауэ, «абы жиIащ», жаIэрти, егъэджакIуэм и гием фIэкIыртэкъым, и упщIэжыр хьэлэлу къащтэрт. Ар унафэщIым и Iэ илъ Iуэхугъуэти, Барэсбий абы и лъэныкъуэкIэ хьэкъ къытенакъым. Нобэ егъэджакIуэ нэхъыжьу зи цIэ кърaIуэхэр къуажэм и фащэу къалъытэ, и набдзэу ябж.

Къардэным щIэж дахэ иIэт. «ХьэтIохъущыкъуей хъыбарыр гулъкIэ кърешэкI», жаIэрт. Абы къиIуэтэфынут лъэпкъхэм я тхыдэр икIи щыуэнутэкъым. Барэсбий и хъыбар куэд сыщIэдэIуащи, ухэтам ещхьу жимыIэжу зы яхэткъым. КъиIуэтэж хъыбархэм я дунейм ухригъэлъасэрт. Илъэс IэджэкIэ губгъуэм зэритам къыхэкIащ ар къуажэ щIыпIэцIэхэм фIыуэ щыгъуэзэныр. Зыхилъхьэ щыIэтэкъым Къэзанокъуэ Жэбагъы, Пырхъыш Зэчрей, ХьэтIэхъущокъуэ Талъостэн я хъыбархэр. Си пхъурылъхуэгъущ, жиIэу къыщIэкIынт, мыщэм ебэна Щоджэн Къартул, тIури дыкъызытекIыжа лIым, и хъыбархэр махуэ псокIэ убгъэдэсами, имыухыу къыпхуиIуэтэнут.

ФIыщIэ куэд зыхуагъэфэща Къардэн Барэсбий псэужамэ, мы махуэхэм илъэс 95-рэ ирикъунут. «Хэт хъуну лIыфIыр?» - жаIэри щIэупщIати, «ЗифI зи лIыгъэу, зи гъэ зи напэу, зи напэ зи гуащIэу псэуар лIыфIщ», - жиIащ зэупщIам. Зи гъэхэр зи напэу зыхьа лIыфIхэм ящыщт Барэсбий. Къызэрытхэмытыж илъэситхум зы зэхыхьэ дэкIауэ къыщIэкIынкъым Барэсбий и гугъу щамыщIауэ, и хъыбарыфIыр щыжамыIауэ. Дунейм ехыжа цIыхум и гугъу ящIыху, псэу пэлъытэщ, жаIэ. НэхъыжьыфI щIэиныфI къыщIэнынумэ, абы нэхъыфI щыIэу къыщIэкIынкъым. Сахуэарэзыщ Барэсбий - дуней пэжым и увыIэпIэфIыр Тхьэм кърит!

**ТАБЫЩ Мурат.**

# Топджэгу махуэшхуэхэм щIедзэ

**Щэкlуэгъуэм и 20-м Катар къэралыгъуэм къыщызэlуах футболымкlэ дунейпсо чемпионатыр дыгъэгъазэм и 18 пщlондэ екlуэкlынущ. Илъэсиплlым зэ къызэрагъэпэщ апхуэдэ зэхьэзэхуэр, тхыдэм зэи къыщымыхъуауэ, Къуэкlыпlэ Гъунэгъум мы гъэм щекlуэкlынущ. Къищынэмыщlауэ, командэ 32-рэ зыхэтыну иджырей зэпеуэр иужьрейуэ щытынущ - 2026 гъэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Мексикэм, Канадэм щекlуэкlынум саугъэт нэхъыщхьэм щыщlэбэнынухэм я бжыгъэр командэ 48-м хуагъэкlуэнущ.**

КАТАРЫМ дунейр зэрыщыхуабащэр къалъытэри, чемпионатыр хабзэ хъуауэ щекlуэкlыу щыта мэкъуауэгъуэ - бадзэуэгъуэ мазэхэм трамыгъэхуэну унафэ къащтащ. 2013 гъэм и жэпуэгъуэм гъэзэщlакlуэ гупым и пщэ дальхьат 2014 гъэм Бразилием щекlуэкlыну дунейпсо чемпионатыр иуха нэужь хуэфэщэн отчёт ягъэхьэзырыну. 2015 гъэм мазаем и 24-м ФИФА-м и гуп щхьэхуэм къыхилъхьащ зэхьэзэхуэр щэкlуэгъуэм и кlэм къыщыщlэдзауэ мазаем и кlэ пщlондэ ирагъэкlуэкlыну, гъэм и хуабэгъуэр зытехуэ накъыгъэ - фокlадэ лъэхъэнэм иримыхьэлlэн, 2022 гъэм и мазаем зэхэтыну щlымахуэ Олимп джэгухэмрэ гъатхэпэм и Паралимп джэгухэмрэ темыхуэн, мэлыжьыхьым хуэза Рэмэдан мазэм химыубыдэн щхьэусыгъуэхэм къыхэкlыу.

Дунейпсо чемпионатым и зэlущlэхэр махуэ 29-м къриубыдэу екlуэкlынущ.

## Катарыр къызэрыхахар

**2022 гъэм екlуэкlыну дунейпсо чемпионатыр къызэзыгъэпэщыну хуейхэм я лъэlу тхылъхэр къыlахын 2009 гъэм и щlышылэм щlадзащ. Спорт лlэужьыгъуэмкlэ лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм я тхыгъэхэр 2009 гъэм и мазаем и 2 пщlондэ ягъэхьын хуейт. Апхуэдэ пщlэр къалъысыным щlэбэнащ Австралиер, Япониер, Катарыр, Корее Ипщэр, Америкэм и Штат Зэгуэтхэр.**

2010 ГЪЭМ дыгъэгъазэм и 2-м Цюрих щызэхуэсащ ФИФА-м и гъэзэщlакlуэ комитетыр, цlыху тlощlрэ тlурэ зыхэтыр. Абыхэм къыхахын хуейт дунейпсо чемпионатым и хэгъэрей хъунухэр. lэlэтым щlимыдзэ щlыкlэ ФИФА-м и гъэзэщlакlуэ комитетым хэтхэм ящыщу цlыхуитl хагъэкlащ, абыхэм lэ зыхуаlэтынухэм пщlэкlэ ягурыlуауэ шэч хуащlри. Икlэм-икlэжым, 2022 гъэм и дунейпсо чемпионатыр Катарым щрагъэкlуэкlыну трауxуащ. Иужькlэ абы псалъэмакъ куэди къыкlэлъекlуэкlащ, ФИФА-р коррупцэм зэщlищтауэ жаlэу, арщхьэкlэ унафэр яхъуэжакъым.

lыхьиплlу екlуэкlа lэlэтым плlыми Катарыр щытекlуащ. Иужьрейуэ зэхэтам щызэпеуащ США-мрэ Катарымрэ икlи 8:14-у хьэрып къэралым текlуэныгъэр зыlэригъэхьащ.

## Саугъэт фондыр

**2022 гъэм и мэлыжьыхьым ФИФА-м хэlущlыlу ищlащ дунейпсо чемпионатым хэтынухэм я саугъэт фондыр зыхуэдизынур. Апхуэдэу квалификацэ зэпеуэхэм кlуэцlрыкlа дэтхэнэ зы къэралым и командэми США-м и доллар зы мелуанрэ ныкъуэрэ зэхьэзэхуэм щlимыдзэ щlыкlэ иратащ, зыгъэхьэзырыныгъэм трагъэкlуэдам пэкlуэу. Псори зэхэту иджырей дунейпсо чемпионатым и саугъэт фондыр США-м и доллар мелуан 440-рэ хъунущ, ар ипэкlэ екlуэкlам нэхърэ доллар мелуан 40-кlэ нэхъыбэщ.**

| Командэхэм я увыпlэхэр | Саугъэтыр (США-м и доллар млн.) | |
|---|---|---|
| | Командэм къылъысу | Псори зэхэту |
| Чемпионым | 42 | 42 |
| Етlуанэ увыпlэм | 30 | 30 |
| Ещанэ увыпlэм | 27 | 27 |
| Еплlанэ увыпlэм | 25 | 25 |
| 5-8-нэ увыпlэхэм (финалым и ¼-нэм хэтахэм) | 17 | 68 |
| 9 - 16-нэ увыпlэхэм (финалым и 1/16-нэ lыхьэм хэтахэм) | 13 | 104 |
| 17 - 32-нэ увыпlэхэм (гуп зэхьэзэхуэм къыхэмыкlыфахэм) | 9 | 144 |
| **Псори зэхэту** | | **440** |

## Урысей Федерацэм и командэр

**2022 гъэм Катарым футболымкlэ щекlуэкlыну дунейпсо чемпионатым хэтынухэр къыщыхах квалификацэ зэlущlэхэм Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар зыхэта гупым етlуанэ увыпlэр щиубыдащ. Карпин Валерий и гъэсэнхэм япэ ищащ Хорватием и командэр. Япэ увыпlэрат урысейхэр Щlы Хъурейм и зэпеуэм занщlэу кlуэну lэмал къезытыр. Етlуанэ увыпlэр зыубыда гупым иджыри зэпэщlэуэ зэlущlэхэр ирригъэкlуэкlыну къыпэщылът. Мы гъэм и гъатхэпэм и 24-м ди къэралым и футбол командэ нэхъыщхьэр апхуэдэ зэlущlэхэм я япэ финал ныкъуэм хиубыдэу Мэзкуу щыдэджэгун хуеящ Польшэм и командэ къыхэхам, етlуанэ финал ныкъуэм Чехиемрэ Швециемрэ я зэlущlэм щытекlуэм lущlэн хуейт.**

УРЫСЕЙ Федерацэм Украинэм щригъэкlуэкl дзэ операцэ хэхам щlидза нэужь, Польшэм футболымкlэ и федерацэм и унафэщlхэм Чехиемрэ Швециемрэ щыlэ я лэжьэгъухэр къагъэдэlуащ Урысейм драгъэкlуэкlын хуей зэlущlэхэм хэмытыну. Къыкlэлъыкlуэу, дыдейхэр дунейпсо зэхьэзэхуэхэм хэтынымкlэ зэрымыарэзыр къагъэлъэгъуащ адрей къэралхэм я федерацэхэми. Арати, Футболымкlэ дунейпсо федерацэмрэ (ФИФА) Европэм и футбол зэгухьэныгъэхэм я союзымрэ (УЕФА) урысей командэ псори (гуп къыхэхахэри клубхэри) зэхьэзэхуэхэм хамыгъэтыну унафэ къащтащ.

Фокlадэм и кlэм ди командэм Бишкек ныбжьэгъугъэ зэlущlэ щыдригъэкlуэкlащ Къыргъызым и командэ къыхэхам. Ди футболистхэр 2:1-уэ щытекlуа джэгур япэ хъуащ урысей командэр зэхьэзэхуэшхуэхэм къызэрахагъэкlрэ. Щэкlуэгъуэм и 19-м траухуауэ щытащ Босниемрэ Герцеговинэмрэ драгъэкlуэкlыну ныбжьэгъугъэ зэlущlэр, арщхьэкlэ жэпуэгъуэм и 31-м а къэралым и футбол зэгухьэныгъэм унафэ къищтащ урысейхэм къадэмыджэгуну.

Таджикистанымрэ Урысеймрэ я гупхэм щэкlуэгъуэм и 17-м зэдрагъэкlуэкlа зэlущlэр зэрытемыгъэкlуауэ иухащ. Щэкlуэгъуэм и 20-м Урысейм и командэр Узбекистаным и гуп нэхъыщхьэм lущlэнущ.

## Зэхьэзэхуэм текlуэдар

**Мыгъэрей чемпионатыр къызэгъэпэщыным доллар мелард 300-м нэблагъэ текlуэдащ. Абы щыщу доллар меларди 6,5-рэ хухахащ стадионхэр, командэхэмрэ гупхэм къыдэщlхэмрэ къыщыувыlэнухэр, зыгъэсэныгъэхэр щрагъэкlуэкlынухэр яухуэным.**

«ДУНЕЙПСО чемпионатыр Катарым 2030 гъэ пщlондэ зэрызиужьыну программэм щыщ lыхьэщ. Абы къызэщlеубыдэ къалэхэмрэ промышленностымрэ зегъэужьыныр, егъэджэныгъэ, узыншагъэр хъумэн lэнатlэхэр егъэфlэкlуэныр. Доллар мелард 200 бжыгъэу дунейпсо чемпионатым ирапхыр, ипэжыпlэкlэ лъэпкъ зыужьыныгъэшхуэ стратегиемрэ Катарыр егъэфlэкlуэнымрэ хохьэ, - жиlащ зэхьэзэхуэр къызэгъэпэщынымкlэ гъэзэщlакlуэ унафэщl Фатма Аль-Нуайми. - 2022 гъэм командэхэмрэ абыхэм къадэщlхэмрэ къагъэсэбэпыну гъуэгущlэ, метро, кхъухьлъатэ телъэтыкlыпlэ-къэтlысыжыпlэхэр, хьэщlэщхэр, турист ухуэныгъэхэм хуэдэ инфраструктурэ проектышхуэхэр дунейпсо чемпионатыр едгъэкlуэкlыну хуитыныгъэ къытлъымыс ипэкlэ дубзыхуауэ щыта lуэхугъуэхэщ».

Къызэрабжамкlэ, 2018 гъэм Урысей Федерацэм щекlуэкlа дунейпсо чемпионатым и къызэгъэпэщыным текlуэдауэ щытар доллар мелард 11,6-рэщ. Катарым къыкlэлъыкlуэу нэхъ лъапlэ дыдэу щытар 2014 гъэм Бразилием щызэхэта зэхьэзэхуэрщ (доллар мелард 15), адэкlэ къыкlэлъокlуэ 2002 гъэм Япониемрэ Корее Ипщэмрэ (доллар меларди 7), 2006 гъэм Германием (доллар меларди 4,3-рэ), 2010 гъэм ЮАР-м (доллар меларди 3,6-рэ) щекlуэкlахэр.

## Бразилием къыщыщlа щlэщхъу

**1942, 1946 гъэхэм футболымкlэ екlуэкlын хуея дунейпсо чемпионатхэр Етlуанэ дунейпсо зауэм и зэранкlэ зэхэтакъым. 1950 гъэм Бразилием къыщызэрагъэпэща дунейпсо зэхьэзэхуэм и саугъэт нэхъыщхьэм щlэбэнауэ щытар командэ къыхэха 13 къудейщ - ар дунейпсо чемпионатхэм я тхыдэм кърриубыдэу гуп нэхъ мащlэ дыдэ, 1930 гъэм зэхэта япэ чемпионатыр къыдэкlуэу, зыхэта хъуащ.**



**Гиджа Альсидес Уругвайм текlуэныгъэ къыхуэзыхьа топыр Бразилием и гъуэм дегъэкl.**
*1950 гъэ. football-pitch.ru напэкlуэцlым къитхащ.*

ЗЭПЕУЭШХУЭМ щытекlуар къызэралъытэр гуп зэхьэзэхуэм къыщагъэлъэгъуамкlэт, атlэ зэlущlэ щхьэхуэратэкъым. Кубокыр зыlэрыхьэнур щызэхэкlар Уругваймрэ Бразилиемрэ я зэпэщlэтыныгъэрщ. Дунейпсо чемпионатым зэрыщытекlуэнум бразилхэм шэч лъэпкъ къытрахьэртэкъым: футболистхэм я цlэхэр тетхауэ дыщэ медалхэр нэхъапэlуэкlэ ягъэхьэзырат икlи текlуэныгъэ уэрэди зыхузэхалъхьэжат. Рио-де-Жанейрэ къыщыдэкl «О Mundo» газетым кlэух зэlущlэм ипэ къихуэу япэ напэкlуэцlым Бразилием и командэ къыхэхам и сурэт къытридзауэ щытащ, «Мыхэр дунейпсо чемпионхэращ» тетхауэ. Адрей газетхэми апхуэдэ псалъащхьэхэмкlэ я тхыгъэхэр къыщlадзэрт, бразилхэм я чемпионыгъэм шэч къытрамыхьэу.

Бразилием и командэ къыхэхам и гъуащхьауэ Зизиньо къиlуэтэжащ финалым ипэ къихуэу «Бразилиер дунейпсо чемпионщ» зытет сурэт 2000-м и lэщlэдз тригъэувауэ зэрыщытар.

Мэкъуауэгъуэм и 16-м «Маракана» стадионым официальнэу цlыху мини 174-рэ, мыофициальнэу джэгум еплъыну къекlуэлlахэм я бжыгъэр мин 200 хъурт. Зэlущlэм и етlуанэ lыхьэм зэрыщlидзэжу Бразилием и командэ къыхэхам бжыгъэр къызэlуихат икlи стадионым текlуэныгъэр щагъэлъэпlэн щlадзат: бразилхэм уэрэдхэр жаlэрт, петардэхэр къагъауэрт. 66-нэ дакъикъэр екlуэкlыу Уругвайм бжыгъэр зэхуэдэ ищlыжащ - «Маракана» щым хъуат. «Апхуэдэ щымым ди футболистхэр игъэгужьеят», - жиlэжащ зэlущlэ нэужьым бразилхэм я тренер Костэ Флавио. Уругвайр 79-нэ дакъикъэм япэ ищащ икlи 2:1-уэ финалым щытекlуащ. Бразилиер щыхагъэщlа махуэр Уругвайм я лъэпкъ махуэшхуэу ягъэувауэ абы лъандэрэ илъэс къэс ягъэлъапlэ.

Бразилием и командэ къыхэхам папщlэ ягъэхьэзыра дыщэ медаль 22-р ягъэвэжауэ щытащ. Абы щыгъуэ джэгуа футболистхэр псэуху а зэlущlэр ягу къагъэкlыжу ирахьэкlащ.

Къэралым зэкlэлъхьэужьу куэдым зыщаукlыжащ е гу узым ихьащ. Уи нэгу къыщlэбгъэхьэну гугъущ, ауэ Бразилиер ар футболымрэ гъащlэмрэ щызэкlэрыпч мыхъун къэралщ.

А зэlущlэр дунейпсо футболым и тхыдэм «Мараканасо» фlэщыгъэр иlэу къыхэнащ икlи нобэр къыздэсым Бразилиер нэхъ напэтех дыдэу къыщыхагъэщlа зэlущlэу къалъытэ. Уеблэмэ, 2014 гъэм я унэ щекlуэкlа дунейпсо чемпионатым и финал ныкъуэм Германием и командэ къыхэхам 1:7-уэ къызэрыщыхигъэщlауэ щытами, 1950 гъэм къащыщlа щlэщхъур ящигъэгъупщакъым. Абы иужькlэ бразилхэм я деж футболымкlэ дунейпсо чемпионат щрамыгъэкlуэкlмэ нэхъыфlу пlэрэ!?

Мис апхуэдэу иухащ зауэ нэужьым екlуэкlа япэ дунейпсо зэхьэзэхуэр.

## Чемпионатхэм щытекlуахэр

| Илъэсыр | Къэралыр | Илъэсыр | Къэралыр |
|---|---|---|---|
| 1930 | Уругвай | 1978 | Аргентинэ |
| 1934 | Италие | 1982 | Италие |
| 1938 | Италие | 1986 | Аргентинэ |
| 1950 | Уругвай | 1990 | ФРГ |
| 1954 | ФРГ | 1994 | Бразилие |
| 1958 | Бразилие | 1998 | Франджы |
| 1962 | Бразилие | 2002 | Бразилие |
| 1966 | Инджылыз | 2006 | Италие |
| 1970 | Бразилие | 2010 | Испание |
| 1974 | ФРГ | 2014 | Германие |
| | | 2018 | Франджы |

*Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар* **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**










● Шхыныгъуэхэр

## Пщагъэ зыхэлъ лэкъум



Пщагъэкlэ гъэтэджа тхьэвыр сэхуран дагъэ зыщыхуа Iэнэм тралъхьэри, хуэплIимэ щIыкIэу, ину, и Iувагъыр мм 3 - 4 хъууэ яху. Тхьэвыр см 4 - 5 и бгъуагъыу, см 12 - 13 и кIыхьагъыу щимэурэ е плIимэурэ зэпаупщIри, тэджын щхьэкIэ дакъикъэ зытхухкIэ щагъэлъ. ИтIанэ сэхуран дагъэ е тхъу къэплъа зэрыт шыуаным хадзэри, зэрагъэдзэкIыурэ дакъикъи 3 - 4-кIэ, тхъуэплъ дахэ хъуху, ягъажьэ. Дзасэм фIаIуурэ къыхахыж, дагъэр е тхъур пагъэжын щхьэкIэ. Яшх хуабэу, шатэ, фо, кхъуей и гъусэу.

*Халъхьэхэр:*
гуэдз хьэжыгъэу - г 1400-рэ,
псыуэ - г 1000,
пщагъэу - г 30,
шыгъуу, тхъууэ е сэхуран дагъэу - узыхуейм хуэдиз.

## Жьэнфэн зэкIэрыщIа гъэва

Мыр нэхъыбэу зыгъэхьэзыру щытар къущхьэхъу щыIэхэмрэ щакIуэхэмрэщ. Мэл къурмакъейм и гъусэу тхьэмбылыр кърахa нэужь зэзыр къыкIэрагъэж, гумрэ жьэжьеймрэ тIууэ зэгуаупщIыкIри, лъы пцIар кърах, иужькIэ псори псы щIыIэкIэ ятхьэщI. ИтIанэ жьэнфэн зэкIэрыщIар шыуаным иралъхьэри, щIигъанэу псы щIыIэ щIакIэ. Ар зэ къытрагъэкъуалъэ, тхъурымбэр къытрах, мафIэр цIыкIу ящI, шыгъу хадзэ, губгъуэпхъ халъхьэри, и щхьэр тепIауэ дакъикъэ 40 - 60-кIэ, хьэзыр хъуху, ягъавэ. Шыуаныщхьэр къытримыIэтыкIын щхьэкIэ хьэлъэ гуэр тралъхьэ. Ва нэужь, мафIэм къытрахыжри, шыуаныщхьэр тепIауэ дакъикъэ 15 - 20-кIэ щагъэт. ИтIанэ хьэкъущыкъу лъэщIабгъуэм иралъхьэри, шыгъу щабэ трагъэщащэ. TIэкIу упщIыIуа нэужь тхьэмбыл-тхьэмщIыгъур зэпагъэкI, гури къыхагъэж.

Iэнэм щытрагъэувэкIэ пIащIэу яупщIатэри, псом щыщи тепщэчым иралъхьэ. Пщтыруи щIыIэуи яшх. Бжьыныху шыпс дытрагъэувэ. ПIастэ хуаби, щIакхъуи, лэкъуми, чыржыни дашх.

*Халъхьэхэр (цIыхуиплI Iыхьэ):*
жьэнфэн зэкIэрыщIауэ - г 1350-рэ,
псыуэ - г 2300-рэ,
шыгъуу, губгъуэпхъыу - узыхуейм хуэдиз.

# ДэIэпыкъуэгъу

● Новеллэ



А щIалэ цIыкIур ди уэрамым щыслъагъурт. Нэсри къигъэзэжауэ зэранщIакIуэт. Зытемыгушхуэ щыIэтэкъым, зыгъэшынэнрэ зыгъэдзыхэнрэ дунейм тету фIэщщIыгъуейт. Зэм жыгыщхьэм фIэсу плъагъунт, зэми унащхьэм къытехутэнт. Дыркъуэ темылъу зы IэпапIэ иIэ хъунтэкъым абы и щIыфэм. Хьэм я нэхъ бзаджэми и кIэр и бэкъум дикъузэжт, ар къыщыкIуэкIэ.

Зыми хуэмыгъэдзыхэну къысфIэщIа а щIалэ цIыкIум зымахуэ нэгъуэщIыпIэ сыщыхуэзащ. Икъутэжауэ къыщIэкIыну и Iэ лъэныкъуэр кIэрыщIауэ ар и адэ-анэм сымаджэщ пщIантIэм къыдашыжырт. ЩыцIыкIу дыдэм щыгъуэ зэрыджэгуу щытагъэну «мыщэр» адрей Iэ лъэныкъуэмкIэ и бгъэм ирикъузылIэрт. Уи псэр къэдзыха нэужь, зи деж дэIэпыкъуэгъу ущылъыхъуэнкIэ хъунур пщIэнукъым.

**АЦКЪАН Руслан**.

● Фэ фщIэрэ?

## ГъэфIапщIэ

Джэгум щытекIуахэм хуащI тыгъэхэращ. ХьэщIэхэр, джэгум хэтхэр зэрагъафIэ Iэмалщ. ГъэфIапщIэхэм хохьэ мы къыкIэлъыкIуэхэр.

ХьэщIэ лъапIэхэм, нэхъыжьхэм, джэгум къыхэжаныкIахэм ират. *Дэ цIыкIу бэракъ:* башым кIэращIэ дэ цIыкIу блахэр, хъыдан къуэлэнхэр, щимэ, плIимэ сурэту ящI хабзэщ. *Дэ щIопщ:* нысашэр дэкIыу тхьэмахуэ текIыжа нэужь, щауэр зи тешам, нысэр зи тешам я унэгуащэм къэзышам яхуригъэхьхэм ящыщт дэ щIопщри.

Езы щIопщыр пщIэ лейм, тетыгъуэм и дамыгъэщ, адыгэ щIагъыбзэм и Iэмалщ. ХьэщIэм щылъысым деж, гъэфIапщIэм хьэщIапщIэкIэ йоджэ. ГъэфIапщIэхэр джэгур зи джэгум я Iыхьлыхэм кърахьэлIэрт, зытыр джэгу тхьэмадэращ. ХьэтиякIуэр и гъусэу ар утыкум иувэрти, джэгур щиухым деж е джэгур зэрихух удж хъурейм и пэ къихуэу гъэфIапщIэхэр итырт. Джэгу тхьэмадэм хьэтиякIуэм жриIэрт джэгу хасэм и унафэкIэ хэт сыт хуэдэ гъэфIапщIэ ялъысами. ХьэтиякIуэм ар ину гупым яжриIэжырт: хэт сыт лъысами, абы и цIэ-унагъуэцIэр, зыщыщ къуажэр. Езым и цIэкIэ хьэтиякIуэм щIигъужырт хъуэхъу дахэ. ХьэтиякIуэм и дэIэпыкъуэгъухэм гъэфIапщIэхэр утыкум кърахьэ, зи цIэ ираIуэр утыкум къихьэурэ хасэм щыщ нэхъыжьым кърет. Дэтхэнэ зыми и цIэр жаIэу иратыху, пшынауэхэр пшынэ йоуэ, гъэфIапщIэр зылъысар лIы цIэрыIуэу, пщащэ цIэрыIуэу щытмэ, пшынауэхэм нэхъ зрагъэIэту йоуэ, пщIэ зэрыхуащIыр къагъэлъагъуэу.

### Мамэ жиIащ

Хъыджэбз цIыкIум бидон иIыгъыу тыкуэным макIуэ.

- Сыт ухуей уэ цIыкIур? - жи тыкуэнтетым.
- Мамэ шатэ жиIащ...
- Дапщэ?
- Мамэ бидоным из жиIащ...

Тыкуэнтетым бидоныр къыIихри, шатэ изу ирикIауэ:

- И уасэр къызэт, - жи.
- Мамэ ахъшэр бидоным илъу жиIащ.

● ГушыIэхэр

### Политикхэмрэ дыгъуакIуэхэмрэ

Зэпеуэ йокIуэкI:

«Зы псалъэухакIэ жыIэ политикхэмрэ дыгъуакIуэхэмрэ зэрызэщхьэщыкIыр». «Политикхэр дэ къыхыдох, дыгъуакIуэхэм дэ дыкъыхах», - жиIэу жэуап къезытам япэ увыпIэр хуагъэфэщащ.

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **1**. ... щхьэнтэ. Е джэдкъазым, къуалэбзум ятет цы щабэ. **4**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ. **6**. ПIастапхъэ. **8**. ... зезыхьэ и Iэпэ йобзей. **9**. Ар уи пашэмэ, вэнвейм ухешэ. **10**. Пхъэщхьэмыщхьэ жыг. **12**. Банэ и пIэ ... къокIэж. **14**. Псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, абы и кIуэдыжыгъуэм дамэ къытокIэ. **17**. Мэл зыхэвэ нэхърэ - ... зыхэпкIэ. **18**. Псыежэх. **19**. ЦIыхуфэр ... **21**. Тенджыз Iуфэм Iут ... тедзапIэ. **24**. Диным зэрыжиIэмкIэ, зи щIалэгъуэр зэи имыкIыу жэнэтым ис пщащэ. **25**. Къум щIыIэм къинэу Сосрыкъуэ кърaгъэла нартхэм ящыщ зы. **26**. Къуаншагъэ зылэжьа цIыху.

***Къехыу:*** **2**. Бзиихум къыхах щэкI пхъашэ. **3**. Адыгэ цIыхухъу щыгъын. **4**. УимыIуэху зепхуэмэ, ар уи щхьэм къытехуэнкIэ мэхъу. **5**. Джэдкъаз яфыщIам и фэм къыхэнэ цы пхъашэ. **7**. Пхъэщхьэмыщхьэ гуащIэ цIыкIу. **11**. КъуэкIыпIэ Гъунэгъум щыIэ хьэрып къэрал. **12**. Узижагъуэм и нэм ... ущIоуэ. **13**. ... техамэ, къэбыр нэхъ IэфI мэхъу. **15**. И кIэр ... дихуэжащ (унэхъуащ). **16**. И чэзур къэмысу дунейм къытехьа сабий. **20**. ... зимыIэм шкIэ щIещIэ. **22**. Адыгэ зауэлI шууейм гъэр къищIа бийр ... къищIри, къэкIуэжащ. **23**. Хьэм и губжьыр ... щехьэ.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

**ЩэкIуэгъуэм и 12-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:**

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Насып. **3**. ПащIэм. **5**. Щхьэмыуз. **8**. Согъуэт. **10**. Дамэр. **11**. Пэтрэ. **12**. МащIэм. **15**. Мызагъэм. **18**. Мащэм. **19**. МафIэм.

***Къехыу:*** **1**. Нэмыс. **2**. Псэ. **3**. Псы. **4**. МацIэр. **5**. Щигъуэтым. **6**. Мы. **7**. ЗымыщIэм. **9**. Тхьэ. **10**. Дэм. **11**. Пэжым. **13**. Мыщэм. **14**. ЛIа. **16**. Зым. **17**. Гъэм.

● ЖыIэгъуэхэр

## Жеиншэ жэщыр тхылъым и махуэщ

- ♦**Цыжьбанэми зы банэ темыт и гугъэщ.**
- ♦**Псэмызагъэми щхьэмыгъазэу зилъытэжынущ.**
- ♦**Лъэхъэнэ жыжьэм халъхуэну цIыхухэр уахътыншэу дунейм тетынущ.**
- ♦**ЩIегъуэжыныр куэдрэкъым - узэхъуажэм тегушхуи аращ.**
- ♦**Делэм зыдигъэшурэ губзыгъэм IумпIафIэ ещI.**
- ♦**Уишрэ уи фызрэ уи дзыхь иумыгъэз жызыIам и щхьэр къыщыгъупщащ.**
- ♦**ЗэхуащIахэр зэзыхъуэныжхэр сыт щыгъуи зэбийуэ къыщIедз.**
- ♦**Гъуэгу пхэнжым теувэр нэхъ захуэм ирикIуэу къыфIэщIынущ.**
- ♦**Тыншыгъуэ лъыхъуэр гугъуехьым пэщIохуэ.**
- ♦**И мыхьэнэм щIимыгъуу икIи кIэрымыхуу зыщIэ щыIэу пIэрэ?**
- ♦**Факъырэ гупым бжьыпэр ныбэизым щиIыгъщ.**
- ♦**Щхъухьпсыхьым и къалэныр щытхъумкIэ зэфIокI.**
- ♦**ЦIыхубз псалъэм и мыхьэнэмкIэ узэупщIынури цIыхубзщ.**
- ♦**Губзыгъэр делэм щехъуэжэни щыIэщ.**
- ♦**Къэралым и щIыхьыр цIыхубэм пщIэуэ хуащIым хуэдизщ.**
- ♦**Быныр адэ-анэм едаIуэр содэ, езы тIур узэдэIуэн хуэдэмэ.**
- ♦**Жеиншэ жэщыр тхылъым и махуэщ.**
- ♦**Уи лъэпкъкIи уи щхьэкIи укъызыхэкIар умыгъэикIэ, щытхъу мышукIи умыцIалэ.**
- ♦**ПцIым и лъабжьэр пэжщ.**

БЕЙТЫГЪУЭН Сэфарбий.

● Гъэлъэгъуэныгъэхэр





**Санкт-Петербург и къэрал художественно-промышленнэ академием, Штиглиц Александр и цIэр зезыхьэм, и пэшышхуэм щэкIуэгъуэм и 10 лъандэрэ щагъэлъагъуэ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и художник, «Институт культурного наследия и развития» лъэпкъ щэнхабзэ центрым и къызэгъэпэщакIуэ икIи и унафэщI, модельер, дэрбзэр цIэрыIуэ Сэралъп Мадинэ и IэдакъэщIэкIхэр.**

# Ди лъэпкъ фащэхэр - щэнхабзэм и къалащхьэм

ВЫСТАВКЭР къыщызэIуахым зыкърагъэхьэлIащ гъуазджэмрэ щэнхабзэмрэ я цIыху цIэрыIуэхэм: тхакIуэ Гордин Яков, политик, къэрал лэжьакIуэ Полтавченкэ Георгий, Санкт-Петербург и Къэрал Эрмитажым и унафэщI, профессор Пиотровский Михаил, тхыдэдж цIэрыIуэ Вилинбахов Георгий, Санкт-Петербург къалэм и Парламентым и Iэтащхьэ Бельский Александр, Урыс музейм и унафэщI Гусев Владимир, IуэрыIуатэдж цIэрыIуэ Дмитриев Владимир, нэгъуэщI хьэщIэ лъапIэхэм.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ зегъэужьыным, а лъапIэныгъэхэм цIыхубэр щыгъэгъуэззэным хэлъхьэныгъэщхуэ хуэзыщI Сэралъп Мадинэ егъэлъагъуэ и IэрыкI фэилъхьэгъуэ 40-м нэблагъэ къызэрыщ сурэтхэр, 2020 - 2022 гъэхэм модельерым игъэхьэзыра адыгэ фащэ телъыджэ15. Сурэт гъэлъэгъуэныгъэм къыдэкIуэу, уигури уи псэри зыхьэхущ манекенхэм щатIэгъа лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр. Мы Iуэхур адыгэ фащэм и тхыдэм ехьэлIауэ Сэралъпым иригъэкIуэкI къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм пызыщэщ.

Модельерым зэрыжиIэмкIэ, лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэм къакIуа тхыдэ гъуэгуанэм ириплъэжыным, зэман-зэманкIэрэ фащэхэм ягъуэта зэхъуэкIыныгъэхэр къихутэным щIэдзапIэ хуэхъуар XIX лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэмрэ XX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэмрэ траха сурэт хьэлэмэтхэрщ.

- Тхыдэ хъугъуэфIыгъуэм къыгуэхыпIэ зимыIэ лъэпкъ хабзэм, щэнхабзэм, гъуазджэм я иджырей щыIэкIэхэр къэзыгъэщI, щIэх-щIэхыурэ зызыхъуэж модэм, дахагъэм и хабзэм къытемыкIыу, дэгъуэгурыкIуэф ди IэщIагъэлIхэм я зэфIэкIым и мыхьэнэр къыпхуэмыIуэтэнщ, - жеIэ Урысей этнографие музейм и щIэныгъэлI, тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Дмитриев Владимир. - Зи лэжьыгъэфIхэм илъэс зыбжанэ хъуауэ дыкIэлъыплъ цIыху IэпщIэлъапщIэ зырызхэм ящыщщ Сэралъп Мадинэ. Фащэхэм я гъэхьэзырыкIэм и хабзэми, фэилъхьэгъуэхэм я пкъыгъуэхэми, зэманым къигъэщI дахагъэм и щIэупщIэми емыпцIыж художник-модельерым и IэрыкIхэм я фIагъым зэрыхигъахъуэр нэрылъагъущ.



- «Зэманым и псыежэх» выставкэм Iэмал къызитащ нэгъуэщI щIыналъэхэм щыпсэу си лэжьэгъу модельерхэм саIущIэну, - жеIэ Мадинэ. - Гуапэщ Санкт-Петербург и IэщIагъэлIхэр гъэлъэгъуэныгъэм къызэрекIуэлIар. СэркIэ уасэншэщ абыхэм си лэжьыгъэхэр ягу зэрынэсар. Урысейм и музей нэхъ ин дыдэхэм ди лъэпкъ фащэхэр щызгъэлъагъуэурэ адыгэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ цIыхубэр зэрыщызгъэгъуэзар сэркIэ лъапIэщ икIи мыхьэнэшхуэ иIэщ.

Сэралъпым и лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэр ягъэдэхащ КъБР-м и цIыхубэ артист Голиков Михаил зи художественнэ унафэщI «Таврический» симфоние оркестрымрэ КъБР-м и цIыхубэ артист, композитор, пианист цIэрыIуэ Къэбэрдокъуэ Муратрэ. «Симфония Кавказа» концертыр къызэрагъэпэщащ Урысейм ис лъэпкъхэм я щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм я илъэсу мы гъэр зэрагъэува Iуэхум хыхьэу. Зэхыхьэ гуапэр щэнхабзэм и махуэшхуэ хъуат!

Сэралъп Мадинэ и Арт-центрым щигъэхьэзыра адыгэ фащэхэр щызэхуэхьэса «В реке времени», «Черкесские предания» гъэлъэгъуэныгъэхэр тIэунейрэ Санкт-Петербург и Этнографие музейм утыку къыщрахьащ. КъищынэмыщIауэ, Сэралъпым и лэжьыгъэ зыбжанэ Урысейм и музейхэм я гъэтIылъыгъэхэм хэлъу яхъумэ. Германием, Америкэм и Штат Зэгуэтхэм, Тыркум, Иорданием щыпсэууэ модельерым и лэжьыгъэхэр фIыуэ зылъагъухэм абы и фэилъхьэгъуэхэм щыщхэр хуэсакъыу зэрахьэ.

ЩэкIуэгъуэм и 9-м, Санкт-Петербург дэт Урыс Этнографие музейм и илъэси 120-р щагъэлъапIэм, Мадинэрэ абы ипхъу дизайнер Ликэрэ ирагъэблэгъащ. Мадинэ гуапэ щыхъуащ FRONT FASHION урыс IуэхущIапIэм и цIэкIэ юбилей зэхыхьэм къызэрыщагъэпсэлъамрэ Ликэрэ езымрэ я лэжьыгъэхэр абы иращIэкIа пшыхь дахэм щагъэлъэгъуэну Iэмал зэраIамрэ. КъыжыIапхъэщ, урыс дизайнерхэм я FRONT тыкуэнымрэ Урыс этнографие музеймрэ зэгъусэу иджыблагъэ къызэрагъэпэща PROfashion Masters зэпеуэм Сэралъп Лики и зэфIэкI зэрыщеплъыжар. Iуэху дахэр къыхэзылъхьахэм я къалэныр музейм щахъумэ хъугъуэфIыгъуэхэр зэманым къигъэувхэм зэрыпэджэжым щIалэгъуалэм хуэфащэ гулъытэ хурагъэщIынырт.

КъэпщытакIуэ гупым хэт, фэшн-журналист Михайловская Ольгэ иригъэблэгъащ зэпеуэм щытекIуа Сэралъп Ликэ. Iуэхум хыхьэу, Ликэрэ Мадинэрэ музейм и фондым щахъумэ, хьэгъуэлIыгъуэхэм, джэгухэм зэрыхыхьэ адыгэ цIыхубз, цIыхухъу фащэхэр къагъэщIэрэщIэжащ, я плъыфэм, щэкIым, теплъэм зэхъуэкIыныгъэхэр халъхьэу. А фэилъхьэгъуэхэр я щыхьэтщ фащэхэр зэрыдахэм къищынэмыщIауэ, зэманми зэрыдекIум.

Проектым хыхьэу зэанэзэпхъум ягъэхьэзыра фэилъхьэгъуэ щIэщыгъуэхэр Михайловская Ольгэрэ продюсер Филипповэ Евгениерэ къызэрагъэпэща FRONT тыкуэным и сайтым къыщывгъуэтыну икIи къыщыфщэхуну Iэмал щыIэщ.

Выставкэр щэкIуэгъуэм и 24-рэ пщIондэ лэжьэнущ. Сэралъп Мадинэ лъэпкъ фащэхэм ятеухуа лекцэ зыбжанэ щригъэкIуэкIащ, мастер-классхэр щитащ щэнхабзэм и къалащхьэм. «В реке времени» выставкэр мыгувэу Москваи щагъэлъэгъуэнущ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**







Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.747 • Заказыр №2329

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А